Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№114 (24.708) • 2024 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 20, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм и щIыхькIэ цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Си лъахэгъуэ! Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Къэбэрдей-Балъкъэрым зы унагъуэ хуэдэу щыпсэу лъэпкъ псоми я зэхуакум зэгурыIуэрэ нэмысу дэлъым и щапхъэщ мы махуэшхуэр. Дэ ди къалэнщ мыхьэнэшхуэ зиIэ а хъугъуэфIыгъуэр тхъумэу, къэкIуэну щIэблэм къыхуэдгъэнэну.

Урысей лъэпкъыбэм щыпсэу адрей псоми ябгъурыту, нобэ адыгэхэм Iэмал яIэщ зауэзщIыну, тхыдэкIэ къадекIуэкI хабзэ дахэхэр, щэнхабзэ бейр, псэкупсэ лъапIэныгъэхэр яхъумэну икIи зрагъэужьыну.

Адыгэ лъэпкъыр ирогушхуэ ди къэрал телъыджэр нэхъ быдэ хъуным, ар ипэкIэ кIуэтэным хэлъхьэныгъэу хуищIам, ди Хэкур нэхъ лъэщ хъун папщIэ, Урысейм и адрей лъэпкъхэм къахэкIа и къуэхэмрэ ипхъуэхэмрэ ябгъурыту, хахуэу абы и щхьэхуитыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ зэрихъумэн.

Шэч къытесхьэркъым Адыгэхэм я махуэр зэрыдгъэлъапIэм ди зэкъуэтыныгъэр нэхъ лъэщыж зэрищIынум, Къэбэрдей-Балъкъэрми псоми ди зэхуэдэ Хэкушхуэми я пщэдейрей махуэр ехъулIэныгъэфIкIэ гъэнщIауэ ипэкIэ зэригъэкIуэтэнум.

Республикэм щыпсэу дэтхэнэ зыми узыншагъэ, фIыгъуэ, ефIэкIуэныгъэ иIэну гурэ псэкIэ сохъуэхъу.

● ДАХ-м и тхьэмадэм и хъуэхъу

ЗэгурыIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ щытепщэу

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Илъэсипщ1 хъуауэ фокIадэм и 20-м догъэлъапIэ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэр. А махуэр 2014 гъэм КъБР-м и Iэтащхьэ и унафэкIэ ягъэуващ икIи ар зыгъэпсэхугъуэ махуэу къащтащ.

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщIыр махуэгъэпсым зэрыхэувэрэ куэд щIакъым, ауэ дэ ди тхыдэр лъэхъэнэ жыжьэм къыщожьэ икIи ар хуабжьу куущ, убгъуащ, къулейщ. Урысей къэралыгъуэм, дунейпсо цIыхубэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа лъэпкъхэм ящыщщ адыгэхэр.

Дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа щIэныгъэлIхэм, тхакIуэхэм, сурэтыщI Iэзэхэм, лIыхъужьхэм ди лъэпкъым и цIэр лъагэу яIэтащ.

Хамэ щIыпIэхэм щыпсэу адыгэхэм яхуэзфIокI я бзэр, адыгагъэр, лъэпкъ хабзэхэр, щэнхабзэ фIыгъуэхэр яхъумэжыну.

Дяпэкли, лъэпкъ тхыдэм хыхьэу къыздэнэкIа напэкIуэцI гузэвэгъуэхэр зыщыдмыгъэгъупщэу, дунейр мытыншми, щIэблэр лъэпкъым, къэралым иригушхуэу, игъэлъапIэу къэдгъэхъуну ди къалэнщ дэтхэнэ зыми.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэтхэм я цIэкIэ, си щхьэкIэ сэ къыздгъэдэкIыу сывохъуэхъу Адыгэм ди махуэщIымкIэ. Унагъуэ къэс узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, ехъулIэныгъэ, насып диIэну! Ди пщэдейм папщIэ псэзэпылъхьэпIэ ит ди щIалэхэр хэщI димыIэу, узыншэу къекIуэлIэжыну Тхьэм жиIэ.

ИрефIакIуэ адыгэ (шэрджэс) лъэпкъыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цIыху псори. Иребыдэ лъэпкъыбэу зэхэс ди Хэкушхуэр, зэгурыIуэныгъэмрэ мымырыгъэмрэ щытепщэу.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Адыгэ макъ

Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт

Черкес хэку

● Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XV Зэхуэсышхуэм

Лъэпкъ Iуэхур дэгъэкIыныр ягъэнэхъапэу

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ФокIадэм и 19-м Налшык къалэм щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XV Зэхуэсышхуэр.

Адыгэхэм я зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм илъэсищым зэ иригъэкIуэкI зэхуэсышхуэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, Урысей Федерацэм и Президентым Къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм Лъэпкъ политикэмкIэ и департаментым и унафэщI **Вагинэ Татьянэ**, КъШР-м и Парламентым и депутат Щынахъуэ Кърым, АР-м Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ, хэхэсхэм ядэлэжьэнымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Щхьэлахъуэ Аскэр**, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, Урысейм Лэжьыгъэмкlэ и лIыхъужь, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ **Мэшбащ1э Исхьэкъ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым и унафэщI, ДАХ-м и тхьэмадэу щыта Дзэмыхь Къасболэт, Адыгей, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Краснодар, Ставрополь, Осетие Ищхъэрэ - Алание хэгъуэгухэм, Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Европэм хыхьэ къэралхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа лIыкIуэхэмрэ хьэщIэхэмрэ, депутатхэр, министрхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэIущIэр къызэIуихыу, ар зэрекIуэкIыну щIыкIэр IэIэткIэ яубзыхуа нэужь, псалъэ иратащ Урысей Федерацэм и Президентым Къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм Лъэпкъ политикэмкIэ и департаментым и унафэщI Вагинэ Татьянэ. Ар къеджащ УФ-м и Президент Путин Владимир ДАХ-м и Конгрессым хэтхэм Зэрызахуигъаз эм.

Хамэ къэрал къикIа ди къуэшхэм, зэхуэсым хэтхэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек икIи иужьрей илъэсхэм ДАХ-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэрИIэр жиIащ.

- Псом япэ фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ УФ-м и Президент Путин Владимир, ДАХ-м и Конгрессым хэтхэм зэрызакъыхуигъэзам, ди республикэм къыхуищI гулъытэм папщIэ. 1991 гъэ лъандэрэ ДАХ-м зэщIигъэуIуащ щIэныгъэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, жылагъуэ Iуэхум жыджэру хэтхэр, - жиIащ КIуэкIуэм. - Ахэр псори зыхущIэкъур адыгэ лъэпкъым и Iуэхур дэгъэкIынырщ. Нобэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм Iэмал псори иIэщ лъэпкъым и сэбэп зыхэлъхэр гъэкIуэтэнымкIэ. А зыращ дунейпсо цIэр зэрихьэу хамэ къэралхэм икъухьа адыгэхэр къызэщIэзыкъуэр, лъэпкъым и щэнхабзэр къэрал куэдым хъума щыхъунымкIэ жэуаплныгъэ ин зыхьу диIэри, фи лэжьыгъэр нэхъри ефIэкIуэну сынывохъуэхъу!

(КIэухыр 2-нэ нап).

КъалэныщIэм теухуа зэIущIэ

«ГъащIэм хуэгъэпса инфраструктурэ» лъэпкъ проектыщIэу 2030 гъэ пщIондэ зэфIэгъэкIын хуеймрэ щIыналъэхэр а лэжьыгъэм зэрыхуэхьэзырымрэ теухуат УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хуснуллин Марат видеоконференц IэмалкIэ иригъэкIуэкIа, Правительствэм ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и зэIущIэр. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

«ГЪАЩIЭМ папщIэ инфраструктурэ» лъэпкъ проектыщIэр УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ ягъэхьэзыр. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ар зыхуэунэтIа хъуну лъэныкъуэхэм. Проектым хеубыдэ къэралым щыщ жылэхэу 2000-м нэс зыхуей хуэгъэзэн, псэупIэ, гъуэгу ухуэныгъэхэр егъэкIуэкIын, цIыхубэ гъащIэр егъэфIэкIуэн, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр къэгъэщIэрэщIэжын, иджырей транспорткIэ къызэгъэпэщын, лэжьыгъэм къару нэхъыбэ ехьэлIэн къалэнхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым иубзыхуа унэтIыныгъэхэм япкъ иткIэ къуажэ 11 зэIуэзэпэщ щащIынущ, дызэрыт илъэсым абыхэм хагъэхьащ Анзорей, Бахъсэнёнкэ, Солдатскэ къуажэхэр. Лэжьыгъэ псори зэуIуу ирахьэлIэ а жылэхэм: гъуэгухэр, унэхэр, цIыхубэр зыхуэныкъуэ IуэхущIапIэхэр яухуэ, ущыпсэуж мыхъуну унэхэм щIэсхэр къыщIагъэIэпхъукI, пщIантIэхэр зэлъыIуах.

КъинэмыщIауэ, ди республикэм кIуэцIрокI Урысейм и гъуэгу нэхъыщхьэхэм хабзэщIэмкIэ хиубыда объект зыбжанэ, щIыналъэхэр зэпищIэрэ абыхэм я фIыгъэкIэ экономикэм епха лэжьыгъэхэр нэхъ тыншу зэфIахыу. Абыхэм яхеубыдэ километр 314-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуи 9: Малкэ - Ингушли, Кисловодск - Нартсанэ псыхъуэ - Джилы-Су - Эльбрус, Новопавловск - Прохладнэ - Мэздэгу, Кавказ-Арщыдан - Александровскэ машинэ гъуэгур, Тэрч къалэ - Тэрч - Дейскэ - Республикэ зыгъэпсэхупIэр, Дейскэ - Курп Ищхъэрэ - Осетие Ищхъэрэ - Алание гъунапкъэ, Прохладный - Елъхъуэт, Налшык - Май къалэр зэпызыщIэхэр.

Илъэситхум и кIуэцIкIэ лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ мыхьэнэ нэхъ зиIэ гъуэгухэмрэ машинэ нэхъыбэ щызэтрихьэхэмрэ зыхуей хуагъэзащ.

Республикэм и экономикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а лэжьыгъэхэр дяпэкIи екIуэкIынущ.

Лъэпкъ Iуэхур дэгъэкIыныр ягъэнэхъапэу

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Муратрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Унафэщ Темрезов Рашидрэ Конгрессым хэтхэм зэрызыхуагъаззэм къеджащ АР-м Лъэпкъ IуэхуэмкIэ, хэхэсхэм ядэлэжьэнымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Щхьэлахъуэ Аскэррэ КъШР-м и Парламентым и депутат Щынахъуэ Къырымрэ.

2021 - 2024 гъэхэм къриубыдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм убгъуауэ тепсэлъыхьыжащ Сэхъурокъуэ Хьэутий, видеорэ сурэтхэмкIэ и псалъэр щIигъэбыдэжу.

Мэшбащ Iэ Исхьэкъ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къыщызэIуахым езыр зэрыхэтар, иджыри и гуапэу зэрыхэлэжьыхьыр.

Адыгэр дэни щыадыгэщ, Урысейм исхэми хамэ къэралхэм щыпсэухэми адыгэ хабзэр яхъумэу, бзэм ирипсалъэу, тхыдэр ящIэу зэрыщытыпхъэр игъэбелджылащ тхьэмадэм.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ зрата, ДАХ-м и Къэзыпщытэ гупым и тхьэмадэ Теркъул Мухьэмэд къызэхуэсахэм я пащхьэ кърихьащ Хасэм ищIэ лэжьыгъэмрэ абы тригъэкIуадэмрэ.

Iуэхумтеухуауэутыкумкъыщыпсэлъащ Тыркум щылажьэ Къэбэрдей Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Хьэлау Юнал, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Европэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Вэрокъуэ Зэтий, Иорданием и Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэлащтэ Ибрэхьим, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт Табыщ Мурат, Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Факъуэ Руслан сымэ.

Конгрессым и етIуанэ Iыхьэм хахащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр, абы и къуэдзэхэр, ГъэзэщIакIуэ гупым щылэжьэнухэр. ДызыхуэкIуэ илъэсищым ДАХ-м и тхьэмадэу лэжьэну хахыжащ Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр. Абы фIыщIэ яхуищIащ дзыхь къезыгъэзахэм икIи лъэпкъ Iуэхум щхьэкIэ хузэфIэкI къызэримыгъэнэнур жиIащ.

Зэхуэсым теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ди къуэш республикэхэм

ГуфIэгъуэр ядиIыгъыу

МЕЙКЪУАПЭ. ***Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат иджыблагъэ щыIащ Красногвардейск щIыналъэм. Районыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щрикъу махуэр Iэтауэ абы щагъэлъэпIащ.***

ЩIЫНАЛЪЭ администрацэм и унафэщI Гъубжокъуэ Темур и гъусэу Адыгейм и лIыщхьэм зригъэлъэгъуащ махуэшхуэм ирихьэлIэу къагъэщIэрэщIэжа, цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ ухуэныгъэхэр, щыхьэщIащ жылэхэм къызэрагъэпэща я «пщIантIэхэм», гуапэу игу къигъэкIыжащ Красногвардейскэ районым и лъабжьэр зыгъэтIылъахэр, абы и зыужьыныгъэм зи гуащIэ хэзылъхьахэм, нобэ абы щыпсэухэм фIыщIэ яхуищIащ.

Апхуэдэуи КъумпIыл Мурат зригъэлъэгъуащ районым къекIуалIэ автомобиль гъуэгур, «Олимп» стадионыр, ЩэнхабзэмкIэ унэр зэрызэрагъэпэщыжа щIыкIэр икIи ахэмкIэ арэзы хъуащ.

ЩIыналъэм и зэфIэкIыр ягъэлъагъуэ

ЧЕРКЕССК. ***Къэрэшей-Шэрджэсым и унафэщI Темрезов Рашид иджыблагъэ щыIащ республикэм и махуэр щагъэлъапIэм хиубыдэу щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэмрэ промышленнэ IэнатIэхэмрэ къызэрагъэпэща жармыкIэ-гъэлъэгъуэныгъэм. Мэкъумэш IэнатIэм пыщIауэ лажьэ IуэхущIапIэу 50-м, промышленнэ IуэхущIапIэ ину 30-м я Iэрыкl абы щагъэлъэгъуащ.***

ТЕМРЕЗОВ Рашид жармыкIэм щыIущIащ къалэдэсхэмрэ республикэм и хьэщIэхэмрэ, апхуэдэу зригъэлъэгъуащ жармыкIэ утыкум кърахьа продукцэхэмрэ ерыскъыхэмрэ: мыгъэрей пхъэщхьэмыщхьэхэр, ерыскъыхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр, промышленность псынщIэм къыщIигъэкI хьэпшыпхэр, псэуалъапхъэхэр, машинэхэр, Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщIхэри.

- Къэрэшей-Шэрджэсым мэкъумэш, промышленнэ IэнатIэхэм пыщIа IуэхущIапIэхэм я инвестицэ пэхуэщIэ зыбжанэ иужьрей илъэсхэм хъарзынэу зрагъэхъулIащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ, IэнатIэхэми заужьащ, къыщIагъэкIым я куэдагъми хагъэхъуащ, - жиIащ Темрезовым.

Къалэ зэкъуэшхэр

СЫХЪУМ. ***Луганскрэ Сыхъумрэ къалэ-зэкъуэш зэхуэхъуащ, къитащ иджыблагъэ Абхъазым и къалащхьэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм.***

РЕСПУБЛИКЭМ и лIыкIуэхэр ЛНР-м щыIащ икIи хэтащ Луганск къалэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 229-рэ щрикъу махуэм иращIылIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм. Абдежми къалитIым я зэныбжьэгъугъэ-зэгурыIуэныгъэм Iэ щыщIадзащ Луганск къалэм и унафэщI къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Пащенкэ Янэрэ Сыхъум къалэ администрацэм и тхьэмадэ Эшбэ Беслъэнрэ.

«Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэу, псом япэ дыдэу Сыхъумщ зыкъытхуэзыгъэзар икIи сыт и лъэныкъуэкIи къыддэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр къэзыгъэлъэгъуар», - жиIащ Пащенкэ Янэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Лъэхъэнэжьым ухэзышэж гупсысэхэр

Дзэ-политикэ еджапIэ нэхъыщхьэр къэзыуха Пщынокъуэ Артур лъэпкъ зэгухьэныгъэхэр зэзыгъэуIужа «Къэбэрдей» жылагъуэ-политикэ зэщIэхъееныгъэу 1991 гъэм къэунэхуам и унафэщIхэм яхэтащ. Абхъазым зауэр къыщыхъеям къуэш лъэпкъым дэIэпыкъуну япэу нэсахэм я унафэщIу кIуащ.

ДЗЭ къулыкъу лъагэ и пщэм дэлъу илъэс куэдкIэ Урысей Федерацэми щалъхуа щIыналъэми хуэлэжьа Пщынокъуэм подполковник цIэр зэрихьэу КГБ-м къыхэкIа нэужь, и дунейм зэуэ зыкъигъэзам хуэдэу, и лэжьыгъэм зихъуэжащ. 2006 гъэм абы къыдегъэкI цIэрыIуэ хъуауэ щыта «Реалии и каноны» жыхуиIэ тхылъыр. Адыгэм и мифологиемрэ лъэпкъ Iэзэгъуэхэмрэ теухуа тхылъ ди пащхьэ кърилъхьащ Пщынокъуэм.

Нобэ кIуэдыжауэ зыхуагъэфащэ лъэпкъыжьу, цивилизацэр къыщежьэж шумерхэм я мифологиер щиджым, Пщынокъуэм гу лъитащ абырэ адыгэм и IуэрыIуатэмрэ зэщхь гуэрхэр зэрыхэтым. Нэхъ кууIуэу щеIэбыхми, «зэщхь гуэр» мыхъуу, ди къежьапIэр зыуэ къихутащ абы.

Дауи, апхуэдэ цIыхум упщIэу хуизиIэр мащIэтэкъым.

- Дзэ-политикэ, КГБ, адыгэ мифологие... ЗыкIи зэмыкIуалIэ Iуэхугъуэхэщ. Дауэ уи щхьэ хуэкIуа лъэпкъ Iуэхум?

- Адыгагъэм сыщIапIыкIащ сэ. Сызэраущияр адыгэбзэщ, Адыгэ Хабзэр си гъуазэу сапIащ, щапхъэу сиIари IуэрыIуатэм дигъэцIыхуж лIыхъужьхэрщ. СызэригугъэмкIэ, адыгэр нобэм къызэрысар а бзэрщ, хабзэрщ, IуэрыIуатэрщ зи фIыщIэр. Сысабийуэ гу лъыстат нарт лIыхъужьхэм я дуней тетыкIэмрэ си нэгу щIэт, си гум илъ, сызыхуэпабгъэ щыIэкIэ-псэукIэмрэ зэрызэтехуэм. Арыххэуи згъэщIагъуэрт: хэт япэ дыдэу IуэрыIуатэрзыхуихьэсыжУ зытхыжар? Илъэс плIыщI хуэдиз дэкIа нэужьщ а упщIэм и жэуапыр къыщызгъуэтар. ЩIыналъэ ФСБ-м и дэфтэрхэр къэслэтыжу, 1937 гъэм ехьэлIа тхылъхэр зджа нэужь, наIуэ къэхъуащ апхуэдизу гукъинэ сщыхъуа нарт теплъэгъуэхэр зэныбжьэгъу гупым зэрызэхуахьэсыжар: адыгэ усакIуэхэм, Iуэрыlуатэджхэм, адыгэм и тхыбзэр зыгъэпса лIыхъужьхэм. Илъэс бжыгъэкIэ телэжьащ ахэр эпосым, икIи 1936 гъэм «Академия» тхылъ тедзапIэм къыщыдагъэкIауэ щытащ адыгэ щэнхабзэм къежьапIэрэ лъабжьэрэ хуэхъуа Iуэрыlуатэр щызэхуэхьэсыжа «Нартхэр» тхылъыр. Яхэтащ абыхэм си адэшхуэ Пщынокъуэ Мэчрэили. Тхылъым и редактор нэхъыщхьэ, щIэныгъэлI лъэрызехьэ, а лэжьыгъэр зэригъэзэхуэну Кавказ Ищхъэрэм къагъэкIуа Талпэ Михаил щIыгъуу си адэшхуэр хэтащ лъэпкъ хъыбарыжьхэр ятхыжу адыгэ къуажэхэр къызэхэзыкIухьа зекIуэлIхэм. Си адэшхуэм щIэх-щIэхыурэ къыкIэлъыкIуэрт и дэлэжьэгъухэр. Шэджэм щиIэ унэ-лъапсэжьым щигъэхьэщIа щIэныгъэлIхэм яхэтащ Борыкъуей ТIутIэ – ныбжьэгъуфIыр, хэкупсэр, адыгэ тхыбзэр зыубзыхуа щIэныгъэрылажьэ щэджащэр, усакIуэр. А тIум зэщIыгъуу къыдагъэкIауэ щытащ къэбэрдеибзэкIэ тха усэхэр щызэхуэхьэса, адыгэ тхыдэм япэ дыдэу къыхэщыж усэ тхылъыр. Дадэ и деж къакIуэрт къызэщIэушэ адыгэ литературэм и псыпэхэш куэд. Ахэр я Iэдакъэщ IэкIхэм къеджэрт, тепсэлъыхьырт, жанр зэхуэмыдэхэр япсыхьырт. «Нартхэр» дунейм къызэрытехьэрэ илъэс дэкIауэ, бадзэуэгъуэ мазэм и зы пшыхь хуабэхэм, адыгэ щэнхабзэр зыдж цIыху пэрыт гупыр, я редактор нэхъыщхьэр ящIыгъуу, дашри яукIауэ щытащ, нарт эпосым теухуауэ ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэмкIэ Iэрытхэри зэрыщыту институтым щагъэсащ. ЯгъэкIуэдащ япэ творческэ интеллигенцэм я усыгъэри, зэщIащыпащ езыхэр щыдашым. Нарт Iуэрыlуатэр япэ дыдэу зытхыжахэм «лъэпкъым и бий» фIащри, я натIэ хъуам зыри щымыгъуазэу кIуащ лIэщIыгъуэ ныкъуэ. Нобэр къыздэсым зыми ищIэркъым ахэр щыщIалъхьэжа щIыпIэр.

- КъызэрыщIэкIымкIэ, уи лъым хэту аращ адыгэм къепха псоми хуиIэ лъагъуныгъэр?

- Арагъэнущ. Ищхьэ Iуэкl дызытепсэлъыхьа унэм къыщалъхуащ си адэ Пщынокъуэ БетIал (ПIатIэ). Абы макъамэ итхырт, «лъэпкъым и бий» цIэ жагъуэр ди унагъуэм напэгъэулъий щыхуэхуа лъэхъэнэм усакIуэхэм я зэпеуэм абы бжьыпэр щиубыдауэ щытащ. ИужьыIуэкIэ, а унэм сыкъыщалъхуащ сэри.

ЩIэныгъэмрэ узэщIыныгъэмрэ я бийуэ къэралыр зыщIэзыщта бзаджэнаджэхэм яIэщIэкIуэдахэм мывэкъалэу яIэтат адыгэ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ къызэрытIэпIыкIа нарт Iуэрыlуатэр. Зы Iэмал закъуэт щыIэр лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыж тхыдэр утыку ипхьэнуи, я щхьэр халъхьащ а Iуэхум – щIэблэм къыхуагъэнащ адыгэм и пасэрей дунейр дэзыгъэцIыхуж хъыбарыжьхэр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, нобэкIэ лъэпкъым зытIэтыжащ, ди тхыдэми, Iуэрыlуатэми, щэнхабзэми дыщыгъуэзэну зыри зэран къытхуэхъуркъым.

- СызэреплъымкIэ, нарт пшыналъэмрэ мифологиемрэ зыкъым. Мифологием щIэдзапIэр едж, лъэпкъыр къызэрыунэхуар уегъащIэ. Эпосыр зытепсэлъыхьыр нарт лIыхъужьхэм ягъэхъа лIыгъэр мыхъумэ, мифологиекъым.

- Шумерхэм я мифологиер щызджым абы къыхэзгъуэтащ япэ дыдэу дунейм къытехьа цIыхум и цIэр – Адапэ. Япэ адэ жиIэу адыгэбзэм къеIуатэ а цIэм и мыхьэнэр. ГъущIынэтхым къызэрыхэщыжымкIэ, Адапэ къыщагъэщIар Абзу жыхуиIэу Iуащхьэмахуэ и лъабжьэ щIэлъа тхьэунэрщ. Абзущ цIыхухэр зэрыпсэуну Хабзэр Тхьэшхуэм къащритар. ЦIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэр зэтеублэнымкIи жэуап зыхьу къащхьэщытар Анэ Инырщ. А цIэми къеIуатэ «великая мать» жиIэу лъэпкъ куэдым я мифологием къыхэщыж тхьэ гуащэм иIа пщIэмрэ и пщэ дэлъа къалэнхэмрэ. Псори и пIэ изыгъэзэгъэжар генетикхэращ. Абыхэм къызэрахутамкIэ, шумерхэр Кавказым икIри Месопотамием Iэпхъуауэ щытащ дунейпсо псыдзэр къеуэу хы ФIыцIэм зыщIэтам – ди лъэхъэнэм ипэкIэ 5000-4500 гъэхэм. Зызыlэта псым къуршым ириубыда лъэпкъым икIыпIэ къигъуэтри, ипщэкIэ ехауэ аращ, щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ. Абы щыхьэт тохъуэ археологием къитIэщIыжа, Кавказ Ищхъэрэм нэхъ щызэрахьэ хьэкъущыкъухэмрэ фэилъхьэгъуэхэмрэ Месопотамием зэрыIэпхъуар. Ауэ щыхъукIэ, шумерхэм я мифологиерщ дыдейри.

- Къапщтэмэ, уи къэхутэныгъэм щыхьэт тохъуэ «Эпос о Гильгамеше», «Энума Элиш» пасэрей тхыгъэхэу шумерхэм къащIэнар.

- Псалъэм папщIэ, «Энума Элиш» поэмэр мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ къыщIедзэ: «Уафэр щымыджэмыпIэу, щIылъэр щызэпцIагъащIэм...». Адыгэм а жыIэгъуэр куэд щIауэ диIэщ, хъыбарыжь куэди апхуэдэущ зэрыщIидзэр. НэгъуэщI щIыпIэ сыщрихьэлIакъым сэ а жыIэгъуэм.

- Уи тхылъым сыщеджэм Уэрий Дадэ и хъыбар срихьэлIащ...

- Уэрий Дадэ хъужыр Кавказым икIыу япэ дыдэ Месопотамием Iэпхъуа цIыхухэм пашэу яхэта дзэпщырщ. А лъэхъэнэм «дадэ» псалъэм арат и мыхьэнэр – дзэпщ. Абы щыхьэт тохъуэ хьэт гъущIынэтхри. Уэрий и дзэр фIащыжащ абы щауха япэ жылэм – Эриду. Ар нобэщ Эриду щыхъуар, гъущIынэтхым къеджэхэм ар къызэрапсэлъыр УэритIущ. Адыгэ уэрэдыжьхэм къахэна «Уэри Дадэ» ежьур а дзэпщым и фэеплъщ.

- 2006 гъэ лъандэрэ нэхъыбэжи бджауэ, иджыри птхыни уиIэу хузогъэфащэ, Артур.

- Сыхуейт «Реалии и каноны» тхылъыр адыгэбзэм къизгъэзэгъэну, инджылызыбзэкIэ зэздзэкIыну.

- Уи хъуэпсапIэр Тхьэм къыпхузэпищэ, нэрылъагъу хъуауи дыщигъэгуфIыкI!

- Тхьэр арэзы къыпхухъу!

Епсэлъар
ФЫРЭ Анфисэщ.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 20, *мэрем*

♦**Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ**
Осетие Ипщэм щагъэлъапIэ я къэралыгъуэр щагъэува махуэшхуэр.
♦**1936 гъэм** Бахъсэн ГЭС-р лажьэу ягуIыпащ.
♦**1999 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ дунейм ехыжащ.
♦**1922 гъэм** къалъхуащ совет къэрал лэжьакIуэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и лIыхъужь **Ахъмэт Мусэбий**.
♦**1922 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэдэгъэлI Аскэр**.
♦**1937 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Шурдым Барэсбий**.
♦**1944 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **Нэхущ Мухьэмэд**.
♦**1987 гъэм** къалъхуащ бэнэкIэ хуитымкIэ дуней псом щэнейрэ щытекIуа, Олимп джэгухэм я чемпион **Махуэ Билал**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18, жэщым градус 14 щыхъунущ.

ФокIадэм и 21, *щэбэт*

♦**Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Альцгеймер узыфэр зищIысым цIыхухэр щыгъуазэ щIыным и дунейпсо махуэщ**
♦**1933 гъэм** къалъхуащ географие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Борей Рауф**.
♦**1945 гъэм** къалъхуащ къэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Мысачэ Валентинэ**.
♦**1955 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бей Iэуес**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэщх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18, жэщым градус 13 щыхъунущ.

ФокIадэм и 22, *тхьэмахуэ*

♦**Автомобиль къэмыгъэсэбэпыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Ставрополь щIыналъэм и махуэщ**
♦**1932 гъэм** къалъхуащ «СССР-м егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфI» цIэр зыхуагъэфэща, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Мамхэгъ Раисэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 22-рэ, жэщым градус 15 щыхъунущ.

ФокIадэм и 23, *блыщхьэ*

♦**Iэпэтэрмэшкl зэпсалъэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**КъуэкIыпIэ Жыжьэм щагъэлъапIэ къаплъэным и махуэр**
♦**1869 гъэм** Менделеев Дмитрий химие элементхэм я периодическэ законыр къызэIуихащ.
♦**1924 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэншагъэр щыгъэкIуэдыныкIэ комиссэ къызэрагъэпэщащ.
♦**1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Тхьэгъэзит Зубер**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 19, жэщым градус 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

И псалъэ фоупсщ, и фадэ псы защIэщ.

«Адыгэ псалъэ» ныпыр Iуащхьэмахуэ драхьеинущ

«Кабардино-Балкарская правда», «»Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэу ди республикэм къыщыдэкIхэр илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIэу, тыгъэ къызэрымыкIуэ абы и лэжьакIуэхэмрэ а газетхэм еджэ цIыхубэмрэ яхуищIыну мурад ищIащ Балъкъэр Ипщэм щыщ Гузоев Iэсхьэт.

ЕВРОПЭМ нэхъ лъагэ дыдэу ит Iуащхьэмахуэ бгым газетищым я теплъэр къызытещ ныпхэр дрихьеину иджыблагъэ щIалэр гъэзгу теуваш. Сурэтым щывольагъу гъэзгу тет ныпхэр «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Бжьахъуэ Ранетэрэ Жыласэ Заурбэчрэ, «Заман» газетым и унафэщIым и къуэдзэ Текуевэ Хьэуа сымэ яIыгъыу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ди газетыр илъэси 100 щрикъу илъэсым ирихьэлIэу бгъэхэIуэр, письмоулъэхэр, открыткэхэр, кIэнфет тебзэхэр, газетым иIа теплъэ псори щызэхуэхьэсыжа тхылъ цIыкIур къыдэкIащ. Абыхэм къахэхъуащ «Адыгэ псалъэ – 100» дамыгъэр зытегъэуа спорт джанэр. Махуэшхуэр зыхиубыда илъэсыр иджыри иухакъым, гукъэкI зыщIхэм нэхъыбэжкIэ дащогугъ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

ИщыIэныгъэ щаим рипхыгъ

Къыгъэшlагъэм инахьыбэр, ар лIэшIэгъуныкъом фэдиз, щаим ыкIи субтропикхэм къащагъэкIыхэрэм япхыгъэ шIэныгъэ-ушэтын Iофшlэным ритыгъ Шъачэ хэхьэрэ къуаджэу Тхьагъапшъэ щыщэу, УФ-м и Къэралыгъо премие къызфагъэшъошагъэу, Пшызэ шъолъыр шIэныгъэхэмкIэ изаслуженнэ Iофышlэшхоу, мэкъумэщ шIэныгъэхэмкIэ докторэу Тыу Мэджыдэ TIахьир ыкъом.

КЪЭГЪАГЪЭХЭМ ыкIи субтропическэ культурэхэм апылъ Урысые шIэныгъэ-ушэтыпIэ институтым ритыгъ. Ащ иотделэу щаимрэ субтропическэ культурэхэмрэ афэгъэзагъэм иIофшIэн щыригъэжьэгъагъ, ары итекIоныгъэхэм янахьыбэр зэпхыгъэр. Ащ фэдэу зэлъашIэрэ шIэныгъэлэжьым иIэр макIэп.

Тыу Мэджыдэ 1945-рэ илъэсым, жъоныгъуакIэм къэхъугъ. А илъэс дэдэм ятэу TIахьирэ Зэчэрые ыкъор игъонэмысэу дунаим ехыжьыгъ. Янэу Тыу (Нэпсэу) Къарэ колхозым хэтэу изакъоу сабыитфыр ыпIугъ. Ахэм ащыщэу плIымэ апшъэрэ еджапIэхэр къаухыгъэх, юрист, кIэлэегъаджэ, агроном хъугъэх.

Мэджыдэ джыри кIэлагъ мэкъумэщ хъызмэтым ищыIэныгъэ рипхынэу ыгу зыреубытэм. ШIэныгъэлэжь селекционер хъунэу зыпэ илъ кIалэм 1964-рэ илъэсым Мыекъуапэ дэтыгъэ мэкъумэщ техникумыр къызеухым, Пшызэ мэкъумэщ институтым, джы университетым, заочнэ шIыкIэм тетэу щеджэнэу чIэхьажьыгъагъ. А илъэс дэдэм, ащыгъум зэрэхэбзагъэу, сэнэхьат зэзыгъэгъотыгъэхэр зыхэбгырагъэкIыхэм, Чэчэн-Ингушым АССР-м агъэкIогъагъ, станицэу Ищерскэм исовхозэу «ТекIоныгъ» зыфиIорэм ибригадирэу Iофышlагъ. Ащ икIи дзэ къулыкъум кIогъагъэ.

1967-рэ илъэсым, къызегъэзэжьым ыуж мазэ нахыбэ темышlагъэу, къэгъагъэхэм ыкIи субтропическэ культурэхэм апылъ Урысые научнэ-ушэтыпIэ институтэу Шъачэ дэтым иIофшIэн щыригъэжьагъ.

1973-м Тыум диплом Iофшlагъэу щаим изегъэушъомбгъун фэгъэхьыгъэр ыгъэгъ. ЗэлъашIэрэ шIэныгъэлэжьэу, мэкъумэщ шIэныгъэхэмкIэ докторэу, профессорэу Тхьагъушъэ Нухьэ научнэ пащэу иIагъ.

1974-рэ илъэсым Мэджыдэ младшэ научнэ Iофышlэ хъугъэ, 1982-м старшэ научнэ Iофышlэ ашIыгъ. Ащ ныж илъэситIу тешlагъэу Краснодар краим исубтропикхэм щай плантациехэр ащыгъэпсыгъэнхэм Iофэу пылъым фэгъэхьыгъэ диссертациеу ытхыгъэр къалэу Сыхъум къыщиухъумэжьыгъ.

1997-м Тыум докторскэ диссертациеу Урысыем ищай плантациехэм нахьыбэ къатыным ыкIи щаим изытет нахьышIу шIыгъным научнэ лъапсэу иIэхэм афэгъэхьыгъэр къыухъумагъ, мэкъумэщ шIэныгъэхэмкIэ доктор хъугъэ.

1998-рэ илъэсым тичIыпIэгъу шIэныгъэхэмкIэ Адыгэ Дунэе Академием ичлен-корреспондент хъугъэ.

2000-рэ илъэсым, а лъэхъаным институтым идиректорыгъэу Сапый Аслъан Махьмудэ ыкъом пэщэныгъэ зыдызэрихьэрэ шIэныгъэлэжь купым хэтэу шIэныгъэмрэ техникэмрэ алъэныкъокIэ УФ-м и Къэралыгъо премие Мэджыдэ къыфагъэшъошэгъагъ. 2006-рэ илъэсым Пшызэ шъолъыр шIэныгъэхэмкIэ изаслуженнэ Iофышlэ хъугъэ. 2011 - 2013-хэм институтым ипащэ игодзэ Iэнатlэр ыгъэцэкIагъ.

Илъэсыбэрэ наукэм пылъыгъ Мэджыдэ ишъхьэгъусэу Тыу (Кобл) Марыет Айсэ ипхъурэ. Ар педагогикэ шIэныгъэхэмкIэ кандидат, илъэсыбэрэ инджылызыбзэмкIэ ригъэджагъэх. Илъэс пшIыкIутф фэдизрэ ишъхьэгъусэ зычIэт шIэныгъэ-ушэтыпIэ институтым щылэжьагъэу, пенсием мэкIожьыфэкIэ Урысые къэралыгъо социальнэ университетым икъутамэу Шъачэ дэтым бзэ зэгъэшIэнымкIэ ыкIи романо-германскэ бзэхэмкIэ икафедрэ Iутыгъ, доцентыгъ, директорым игуадзэщтыгъ.

Тыу Мэджыдэ пенсием щыI, ныбжьыр хэкIотагъ нахь мышIэми, иIофшIэн лъегъэкIуатэ. Джы ар ежь ичъыгатэу нахьыпэкIэ уахътэ къызфыхимыгъэкIышъущтыгъэм щэлажьэ, ипхъорэлъф цыкIу адепIу. Иинститут гупсэу Iэпэлэсэныгъэу иIэр джыри зыщящыкIагъэм зэпхыныгъэ дырI.

НЫБЭ Анзор.

ХЪОКIОН Хьамедэ: «Сызэрэадыгэм сегъэгушхо»

Адыгэ шэн-хабзэхэр зыгъэлъэпIэрэ зыухъумэрэ унагъоу республикэм исхэм ащыщ ХъокIонхэм яунагъо. Еджэркъуае щыщ Хьамедэрэ Фаризэтрэ зэрэадыгэхэм рыгушохэу ныдэлъфыбзэм, адыгэ культурэм якъэухъумэн фэлажьэх. Ахэр зызэдэпсэухэрэр бэмышIэу илъэс 40 хъугъэ.

ХЬАМЕДЭ Схьатбый ыкъор Кощхьэблэ районым имызакъоу республикэм Iофтхьабзэу щызэхащэхэрэм чанэу ахэлажьэ. Пэсэрэ лъэхъаным тинахьыжъхэм адыгэ шъуашэр зэращыгъыщтыгъэм фэдэу, уасэ фишIэу ар щыгъ зэпыт.

Файзэт дэкIо Iэпэlас, щыгъын зэфэшъхьафэр зэридырэм нэмыкIэу ежь-ежьырэу зэригъэшIагъэу лъэпкъ шъуашэхэр едых. Ахэр кIэлэцIыкIу Iыгъыпlэхэми, гурыт еджапIэхэми ащагъэфедэх, районым иIэпэlэсэныгъэ щызэлъашIагъ.

2015-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу Еджэркъуае дэт культурэм и Унэ ипащэу Хьамедэ Iофешlэ. Ипшъэрылъхэр зэрифэшъуашэу зэригъэцакIэхэрэм дакIоу къыткIэхъухьэрэ лIэужхэм адыгэ шэн-хабзэхэр къизыIотыкIырэ зэхахьэхэр афызэхещэх, Кощхьэблэ районым ит гурыт еджапIэхэр ыкIи кIэлэцIыкIу Iыгъыпlэхэр къыкIухьэхэзэ адыгэхэм якультурэ фэгъэхьыгъэ къэбархэр къафеIуатэ, адыгэ шъуашэм идэхагъэ арегъэлъэгъу, мэхьанэу иIэр арегъашIэ. Джащ фэдэу кузэкIэт иIэу ащ регъэTIысхьэхэшъ, адыгэхэм шым уасэу фашIыщтыгъэр, ныбджэгъушIоу зэряIагъэр къафеIуатэ.

- Тиунагъокlэ шыр тиныбджэгъоу къэтэхьы. Мэзипшl нахь сымыныбжьэу сятэшым сызэрэтыригъэтIысхьэгъагъэр бэрэ къаIотэжьыщтыгъ. СицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу ахэм сахэзэу къэсхьыгъ, шIу сэлъэгъух, цIыфым фэдэу ахэр Iушых. Непэрэ мафэм шитф сиI. Къуаджэм дэс кIэлэцIыкIухэр къэкIоxэшъ, тесэгъэтIысхьэх, уанэр зэрэтеплъхьащтыр, кузэкIэтыр зэрэбгъэпсыщтыр ясэгъашIэ. Шы пэпчъ пшъэрылъ гъэнэфагъэ иI, гущыIэм пае, «Къаймэт» илъэсибл хъугъэу синыбджэгъу шъыпкъэм фэдэу сигъус. ЗекIо сырэкIо, шыгъачъэми сахэлажьэу мэхъу. Бэмышlэу Кощхьаблэ къыщысщэфыгъэ шы фыжьыр нахьыбэрэмкIэ сабыйхэм ясэгъэлъэгъу. Кавказым и ЛIыжъ Щтыргъукlэу зысэфапэ, мэфэкIым мэхьанэу иIэр къафесэIуатэ, - еIо тигущыIэгъу.

ХъокIонхэм яунагъо шым мэхьанэу ратырэр къыушыхьатыгъ Хьамедэ ышым икIалэ кузэкIэтхэмкIэ нысэ къызэрищагъэм. Зым пщынаохэр исыгъэх, адрэм ныбжьыкIэхэр рагъэтIысхьэгъагъэх. Адыгэ шэн-хабзэхэм атетэу джэгур ашIыгъагъ.

- Адыгэ шъуашэр щыгъын къодыеу щытэп. Зэрэдунаеу ащ идэхагъэ уасэ фашIы, тинахьыжъ пIашъэхэм ар ащыгъыгъ, хьишъэм хэхьагъ. Бзылъфыгъэм идэхагъэ, Iэдэбэу хэлъыр, ышъхьэ зэрилъытэжьырэр, хъулъфыгъэм илIыгъэ, лъытэныгъэ тефэу, ухъумакIоу зэрэщытыр къегъэлъагъо. Адыгэ хъулъфыгъэм лъэпкъ шъуашэр щыгъ зыхъукIэ, итеплъэ нэмыкI шъыпкъэ мэхъу, - еIо тигущыIэгъу.

ХъокIон Хьамедэ адыгагъэм фэгъэхьыгъэ Iофтхьабзэу зэхащэхэрэм игуапэу ахэлажьэ. Адыгэ Хасэм илъэс пчъагъэ хъугъэу хэт. Бэмышlэу Дунэе Адыгэ Хасэм игъэцэкIэкIо комитет хагъэхьагъ, конференциием хэлэжьэну зегъэхьазыры.

ДЕЛЭКЪО Анет.
Сурэтыр **ХъокIон Хьамедэ** *ихъарзынэщ.*

ЫIлъапсэ Блащэпсынэ къыщежьэ

Мы мафэхэм Томскэ хэкум къикIыгъэ КIарэ Никита Сергей ыкъор «Адыгэ макъэм» ихьакIагъ. ЫIлъэкъуацIэкIэ ар адыгэ лъэпкъым зэрэщыщыр къыбгурэIо, ынэгу укIаплъэми, тэ тщыщ шъыпкъ. Ау илъэс пчъагъэхэм алъапсэ къызщежьэрэр ежьи, яти ашIагъэп. Зы хъугъэ-шIагъэм ахэм ящыIэныгъэ зэблихъугъ.

НИКИТЭ илъэс 13 ныбжьэу тайскэ боксымкIэ дунаим ичемпион хъугъэ. Ащ фэгъэхьыгъэ къэбар социальнэ хъытыухэм, нэмыкI къэбарлъыгъэIэс амалхэм къарыхьагъ. КIэлэ ныбжьыкIэм нэIуасэ зыфишIымэ шIоигъоу Адыгеим щыщ КIарэ Къэншъау ащ зыфигъэзагъ. Ащ ишIуагъэкIэ лъэныкъохэм зэпхыныгъэ яIэ хъугъэ ыкIи иунагъо ылъапсэ къызщежьэрэр Никитэ ышIагъ. Джырэ уахътэм спортсмен ныбжьыкIэм илъэс 22-рэ ыныбжь.

- Плъэкъуацlэ къызтекIырэр, шъулъапсэ Адыгеим къызэрэщежьэрэр ыпэкIэ къыпфаIуатэу хъугъа?

- Хьау, адыгэ лъэпкъым тыщыщми тшIагъэп. Сятэ цIыкIоу янэятэхэр чIинагъэх, ибэу къызэнэм, унагъо горэм ыпIунэу ыштагъ. Ахэм сятэ къаухъумэу аIозэ, къызхэкIыгъэ лIакъом епхыгъэу зи къэбар рагъэшIагъэп. Ау тлъапсэ къызщежьэрэр зэдгъэшIэнэу сыдигъуи тыфэягъ. Ащ къыхэкIыкIэ Томскэ хэкум ихъарзынэщ иIофышlэхэм зафэдгъэзагъ ыкIи КIарэ лъэкъуацIэр къызтекIырэр, тызщыщыр зэхэтфыгъ. ЗэрэхъурэмкIэ, Блащэпсынэ щыщ КIарэ Юныс ятэшыр илъэсыбэкIэ узэкIэIэбжьымэ Томскэ хэкум къифэгъагъ, ащ тэ тыкъэытекIыгъ.

- Адыгэ лъапсэ зэрэуиIэм сыд фэдэ гупшысэхэр уигъэшIыгъа?

- Шъыпкъэу пIощтмэ, сшIогъэшIэгъон хъугъэ. ЦIыф пэпчъ лъэпкъэу, лIакъоу къызхэкIыгъэр ышIэн фае. Арышъ, лъэшэу тафэраз тызщыщыр тэзгъэшIэгъэ пстэуми.

- Мыщ ыпэкIэ Адыгеим фэгъэхьыгъэу зыгорэ пшIэщтыгъа?

- ЕджапIэм тыщеджэ зэхъум мыщ фэдэ республикэ зэрэщыIэр, ар зыдэщыс чIыпIэр къыткIуатэщтыгъ. Ау благъэу сыфэнэIосагъэп. Джы Тхьэм ыIомэ, тлъапсэ къызщежьэрэр шъолъырым икъэбар нахь игъэкIотыгъэу зэзгъэшIэщт.

- Джырэ уахътэм сыда анахьэу пшIогъэшIэгъоныр, узфэгъэзагъэр?

- Томскэ къэралыгъо университетым сыщеджэ. Ащ дакIоу спортсмен ныбжьыкIэхэр зэнэкъокъухэм афэсэгъэхьазырых, сытренер.

- Адыгеим укъэкIуагъ, нэIуасэ зыфэпшIыгъ. Сыда зэхэпшIагъэр?

- Лъэшэу сигуапэ, дэхэ дэдэуи къыщыспэгъокIыгъэх. СыгукIэ къызгурэIо мыр зэрэсичIыгур, зэкIэри къэспэблагъ, сэсый.

- УилIакъо ылъапсэ къызщежьэрэ къуаджэу Блащэпсынэ укIонэу зыогъэхьазыра?

- Джыри сыщыIагъэгоп, ау сыкIонэу, сиблагъэу, сиIахьылэу дэсхэм заIузгъэкIэнэу сыфай. Тхьэм ыIомэ ари къыздэхъун.

- УкIэлэ ныбжьыкI, щыIэныгъэр уапэ илъ. Адыгеим къэбгъэзэжьынэу уегупшысэу къыхэкIыгъа?

- Шъыпкъэр пIощтмэ, сыфай. Лъэшэу сыгу рихьыгъ. Сэ сыкъызщыхъугъэ Сыбыр нахьыбэрэм щычъыI, республикэм щыфаб, ичIыопс дэхэ дэд, узIэпещэ. Арышъ, ащ фэдэ лъэбэкъу сшIынкIи мэхъу, зэкIэри Тхьэ Iоф.

Никитэ игъусэу «Адыгэ макъэм» къеблэгъэгъэ КIарэ Амин илъэс зэкIэлъыкIохэм УФ-м ошIэ-дэмышlэ Iофхэмкlэ и Министерствэ и ГъэIорышIапIэу Адыгеим щыIэм врачэу щылэжьагъ, джырэ уахътэм пенсием щыI. Ащ дэжь кIэлэ ныбжьыкIэр къыздэкIуагъэр.

- Никитэ ятэ-янэхэри тихьакIагъэх. Ахэр цIыф гъэшIэгъоныхэ, гъэсагъэх, сигуапэу нэIуасэ сафэхъугъ, зэпхыныгъэ пытэ тиIэ хъугъэ. Лъэшэу сигуапэ Никитэ фэдэ кIалэхэр зэрэтиIэхэр, ахэм уарыгушхон фае. Тыдэ ущыпсэугъэми, сыд фэдэ гъэхъагъэ уиIэми, анахь шъхьаIэр цIыфэу укъэнэжьыныр ары. Никитэ иунагъо исхэм зэкIэм а гущыIэр афэгъэхьыгъ. Апэрэу Адыгеим къэкIогъэ сихьэкIэ лъапIэ тикъушъхьэхэр, тилIакъо ылъапсэ къызщежьэрэр Блащэпсынэ, нэмыкI чIыпIэхэр къезгъэплъыхьанхэу сыфай, - къыIуагъ КIарэ Амин.

КIарэхэр Адыгеим, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, IэкIыб къэралыгъохэм ащыщхэм ащэпсэух. Амин ахэр зэкIэ зэхиугъуаехэ, нэIуасэ зэфишыхэ шIоигъу.

Ащ къызэрэтиIуагъэмкIэ, КIарэхэм къахэкIыгъэу спортым ылъэныкъокIэ бэхэм гъэхъэгъэшIухэр яIэх. Гущыlэм пае, лIакъом щыщ Къэншъао панкратионымкIэ Урысыем изэнэкъокъухэм текIоныгъэр къащыдихыгъ, нэужым Тыркуем щызэхащэгъэ дунэе турнирым ящэнэрэ чIыпIэр къыщыфагъэшъошагъ. Блащэпсынэ щыпсэурэ КIарэ Лъэпшъ спорт секцие зэфэшъхьафхэр къуаджэм щызэхэщагъэнхэмкIэ ишIогъэшхо къыгъэкIуагъ, ныбжьыкIэхэр спортым пылъынхэм сыдигъуи ынаIэ тет.

Зэдзэгущыlэгъум икIэух Никитэ игухэлъхэмкIэ къыддэгощагъ:

- Адыгэхэм якультурэ, ятарихъ нахь благъэу нэIуасэ зафэсшIы сшIоигъу. Джыри сыкъэкIощт, сыгу пэблагъэ, слъапсэ къызщежьэрэр республикэм ыцIэ дахэкIэ рязгъэIоным сыпылъыщт. Адыгэ лъэпкъым сызэрэщыщым сырыгушхощт, нэмыкIхэми алъызгъэIэсыщт.

ТХЬАРКЪОХЪО Адам.

ТВ НЭТЫНХЭР

Блыщхьэ, фокIадэм и 23

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «НИНЕЛЬ» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ХОР» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30, 18.30 «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.30 Вести. Местное время
14.55 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
17.30 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ДАМА С СОБАЧКОЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.05 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»

НТВ

04.50 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ВАРЯГИ» (16+)
22.15, 00.00 Т/с «НЕВСКИЙ. РАСПЛАТА ЗА СПРАВЕДЛИВОСТЬ» (16+)
00.55 Д/ф «Неизвестная Россия»
01.45 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ»

ЗВЕЗДА

05.10 Т/с «ЦЕЗАРЬ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу
11.00 Х/ф «НАД ТИССОЙ» (16+)
13.25, 15.05, 17.15 Т/с «СМЕРШ. УМИРАТЬ ПРИКАЗА НЕ БЫЛО» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «Колонализм 2.0. Новые стратегии Запада». «Индия»
18.50 «Специальный репортаж»
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 «Советские прорывы. Вдохновение для будущего». «БАМ стройка века» (16+)
23.50 Х/ф «КОЛЬЦО ИЗ АМСТЕРДАМА» (16+)
01.25 Х/ф «НАД ТИССОЙ» (16+)
02.50 «Партизанский фронт». «Когда позади Москва» (16+)
03.30 Т/с «ЦЕЗАРЬ» (16+)

РОССИЯ К

06.30 «Пешком...»
07.05 Д/с «Первые в мире»
07.20 Черные дыры. Белые пятна
08.05 «Жизнь и судьба»
08.25 Х/ф «НЕВЕРОЯТНОЕ ПАРИ, ИЛИ ИСТИННОЕ ПРОИСШЕСТВИЕ, БЛАГОПОЛУЧНО ЗАВЕРШИВШЕЕСЯ СТО ЛЕТ НАЗАД» (16+)
10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.50 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.10, 00.50 ХХ век
12.10 Д/с «Забытое ремесло»
12.45 Новости. Подробно. АРТ
13.00 Линия жизни
13.55 Спектакль «Чудаки»
15.25 «Агора»
16.45 Д/с «Передвижники»
17.15 Звезды ХХI века
18.10 «Рассказы из русской истории»
19.45 Главная роль
20.05 Д/с «Жизнь замечательных идей»
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 Больше чем любовь
21.30 «Сати. Нескучная классика...»
22.15 Т/с «МЕГРЭ» (16+)
00.05 Д/с «Восход Османской империи»
01.45 Звезды ХХI века

МАТЧ!

06.00 «Кто кого?» (12+)
06.30 «Все о главном» (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 00.00 Все на Матч!
10.05 Лица страны (12+)
10.25 «Тайны звезд спорта» (12+)
11.25 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
12.35 Специальный репортаж (12+)
13.00 «Есть тема!»
14.25 Магия большого спорта (12+)
14.55 Автоспорт. G-Drive Российская серия кольцевых гонок. «Moscow Raceway» (6+)
15.30 «Громко»
16.50 Х/ф «ЧЕМПИОНЫ. БЫСТРЕЕ. ВЫШЕ. СИЛЬНЕЕ»
19.00 Хоккей. СКА (Санкт-Петербург) - «Авангард» (Омск). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
21.55 Футбол. «Бетис» - «Мальорка». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
00.55 Волейбол. «Динамо» (Москва) - «Ленинградка» (Санкт-Петербург). Чемпионат России. Pari. Суперлига. Женщины (6+)
02.55 Новости (0+)
03.00 Футбол. «Байер» - «Вольфсбург». Чемпионат Германии (6+)
05.00 Что по спорту? (12+)
05.30 «Кто кого?» (12+)

Гъубж, фокIадэм и 24

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «НИНЕЛЬ» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ХОР» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30, 18.30 «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.30 Вести. Местное время
14.55 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ДАМА С СОБАЧКОЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.05 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

НТВ

04.50 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ВАРЯГИ» (16+)
22.15, 00.00 Т/с «НЕВСКИЙ. РАСПЛАТА ЗА СПРАВЕДЛИВОСТЬ» (16+)
00.55 Д/ф «Неизвестная Россия» (12+)
01.45 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)

ЗВЕЗДА

05.10 Т/с «ЦЕЗАРЬ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «ЕКАТЕРИНА ВОРОНИНА» (16+)
13.40, 15.05, 17.15 Т/с «ОТДЕЛ С.С.С.Р.» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «Колонализм 2.0. Новые стратегии Запада». «Вьетнам» (16+)
18.50 «Специальный репортаж»
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Улика из прошлого» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 «Советские прорывы. Вдохновение для будущего». «Подземная история Москвы» (16+)
23.50 Х/ф «ПОСЛЕДНИЙ ПОБЕГ» (16+)
01.30 Х/ф «ЕКАТЕРИНА ВОРОНИНА» (16+)
03.10 «Партизанский фронт». «Непокоренная Белоруссия» (16+)
03.50 Т/с «ОТДЕЛ С.С.С.Р.» (16+)

РОССИЯ К

06.30 «Пешком...»
07.05 Д/с «Первые в мире»
07.20, 18.40, 00.05 Д/с «Восход Османской империи»
08.05 «Жизнь и судьба»
08.25, 22.15 Т/с «МЕГРЭ» (16+)
10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.50 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.10, 00.50 ХХ век
12.10 Д/с «Забытое ремесло»
12.45 Новости. Подробно. Книги
13.00 «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
13.45 Спектакль «История лошади»
16.00 Д/ф «Роман в камне»
16.45 «Эрмитаж»
17.15 Звезды ХХI века
18.25 Д/с «Забытое ремесло»
19.45 Главная роль
20.05 Д/с «Жизнь замечательных идей»
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 Искусственный отбор
21.25 «Белая студия»
01.40 Звезды ХХI века

МАТЧ!

06.00 «Кто кого?» (12+)
06.30 «Наши иностранцы» (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 15.30, 19.00, 21.30, 00.00 Все на Матч!
10.05, 12.35 Специальный репортаж (12+)
10.25 «Тайны звезд спорта» (12+)
11.25 Еврофутбол. Обзор (6+)
13.00 «Есть тема!»
14.25 Магия большого спорта
14.55 География спорта (12+)
16.50 Футбол. «Амкар» (Пермь) - «Черноморец» (Новороссийск). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
19.20 Футбол. «Волга» (Ульяновск) - «Ротор» (Волгоград). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
21.55 Футбол. «Реал» (Мадрид) - «Алавес». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
00.55 Волейбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Локомотив» (Новосибирск). Чемпионат России. Pari. Суперлига. Мужчины (6+)
02.55 Новости (0+)
03.00 Акробатика. Чемпионат мира. Трансляция из Португалии (6+)
05.00 Что по спорту? (12+)
05.30 «Кто кого?» (12+)

Бэрэжьей, фокIадэм и 25

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «НИНЕЛЬ» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ХОР» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00 «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
01.00, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30, 18.30 «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.30 Вести. Местное время
14.55 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
17.30 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ДАМА С СОБАЧКОЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.05 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»

НТВ

04.50 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ВАРЯГИ» (16+)
22.15, 00.00 Т/с «НЕВСКИЙ. РАСПЛАТА ЗА СПРАВЕДЛИВОСТЬ» (16+)
00.55 Д/ф «Неизвестная Россия» (12+)
02.10 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)

ЗВЕЗДА

05.20 Т/с «ОТДЕЛ С.С.С.Р.» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу
11.00 Х/ф «ЗДРАВСТВУЙ И ПРОЩАЙ» (16+)
13.40, 15.05, 17.15 Т/с «ОТДЕЛ С.С.С.Р.» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «Колонализм 2.0. Новые стратегии Запада». «Куба»
18.50 «Специальный репортаж»
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 Д/с «Секретные материалы»
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 «Советские прорывы. Вдохновение для будущего». «Стройки первых пятилеток» (16+)
23.50 Х/ф «РИСК БЛАГОРОДНОЕ ДЕЛО» (16+)
01.15 Х/ф «ЗДРАВСТВУЙ И ПРОЩАЙ» (16+)
02.50 «Партизанский фронт». «Украина в огне» (16+)
03.30 Д/с «Москва фронту» (16+)
03.50 Т/с «ОТДЕЛ С.С.С.Р.» (16+)

РОССИЯ К

06.30 «Пешком...»
07.05 Д/с «Первые в мире»
07.20, 18.40, 00.10 Д/с «Восход Османской империи»
08.05 «Жизнь и судьба»
08.25, 22.15 Т/с «МЕГРЭ» (16+)
10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.55 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.10, 00.55 ХХ век
12.45 Новости. Подробно. Кино
13.00 Искусственный отбор
13.45 Спектакль «Обломов»
15.30 «Белая студия»
16.45 «Библейский сюжет»
17.15 Звезды ХХI века
18.10 Д/ф «Исторические курорты России»
19.45 Главная роль
20.05 Д/с «Жизнь замечательных идей»
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 Дневники конкурса «Учитель года России-2024»
21.30 Абсолютный слух
02.00 Звезды ХХI века

МАТЧ!

06.00 «Кто кого?» (12+)
06.30 География спорта (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 15.30, 19.00, 21.30, 00.00 Все на Матч!
10.05, 12.35 Специальный репортаж (12+)
10.25 «Тайны звезд спорта» (12+)
11.25 Профессиональный бокс. О. Де Ла Хойя - Р. Майорга. Трансляция из США (16+)
12.10 Профессиональный бокс. А. Гатти - Т. Миллет. Трансляция из США (16+)
13.00 «Есть тема!»
14.25 Магия большого спорта (12+)
14.55 «Вид сверху» (12+)
16.50 Футбол. «Урал» (Екатеринбург) - «СКА-Хабаровск». FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
19.20 Футбол. «КАМАЗ» (Набережные Челны) - «Торпедо» (Москва). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
21.55 Футбол. «Барселона» - «Хетафе». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
00.55 Бадминтон. Мировой тур. Трансляция из Китая (0+)
02.55 Новости (0+)
03.00 Акробатика. Чемпионат мира. Трансляция из Португалии (6+)
05.00 Что по спорту? (12+)
05.30 «Кто кого?» (12+)

Махуэку, фокIадэм и 26

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «НИНЕЛЬ» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ХОР» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.10, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30, 18.30 «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.30 Вести. Местное время
14.55 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ДАМА С СОБАЧКОЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.05 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»

НТВ

04.50 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ВАРЯГИ» (16+)
22.15, 00.00 Т/с «НЕВСКИЙ. РАСПЛАТА ЗА СПРАВЕДЛИВОСТЬ» (16+)
00.50 «Поздняков» (16+)
01.00 «Мы и наука. Наука и мы»
02.00 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ»

ЗВЕЗДА

05.20 Т/с «ОТДЕЛ С.С.С.Р.» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «СИЦИЛИАНСКАЯ ЗАЩИТА» (16+)
13.25, 15.05, 17.15 Т/с «ТРАССА» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «Колонализм 2.0. Новые стратегии Запада». «Алжир»
18.50 «Специальный репортаж»
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Код доступа» (12+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 «Советские прорывы. Вдохновение для будущего». «Города мечты» (16+)
23.45 «Советские прорывы. Вдохновение для будущего». «Здравствуй, земля целинная» (16+)
00.20 Х/ф «РОДНАЯ КРОВЬ» (16+)
01.55 Х/ф «ЕДИНСТВЕННАЯ...»
03.25 Х/ф «РИСК БЛАГОРОДНОЕ ДЕЛО» (16+)
04.45 Д/с «Москва фронту» (16+)

РОССИЯ К

06.30 «Пешком...»
07.05 Д/с «Первые в мире»
07.20, 18.40 Д/с «Восход Османской империи»
08.05 «Жизнь и судьба»
08.25, 22.40 Т/с «МЕГРЭ» (16+)
10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 00.10 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.10, 00.25 ХХ век
12.10 Д/с «Забытое ремесло»
12.45 Новости. Подробно. Театр
13.00 Абсолютный слух
13.45 Спектакль «Сценки»
14.35 Д/ф «Дом на Гульваре»
15.35 «2 Верник 2»
16.45 Моя любовь - Россия!
17.15 Звезды ХХI века
18.10 Д/ф «Исторические курорты России»
19.45 Д/ф «Олег Басилашвили. Из неопубликованного»
20.30 Х/ф «ОСЕННИЙ МАРАФОН» (16+)
22.00 «Энигма»
01.30 Звезды ХХI века
02.25 Д/с «Запечатленное время»

МАТЧ!

06.00 «Кто кого?» (12+)
06.30 «Вид сверху» (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 15.30, 19.00, 21.30, 00.00 Все на Матч!
10.05, 12.35 Специальный репортаж (12+)
10.25 «Тайны звезд спорта» (12+)
11.25 Профессиональный бокс. М. А. Баррера - Э. Моралес. Трансляция из США (16+)
13.00 «Есть тема!»
14.25 Магия большого спорта (12+)
14.55 «Большой хоккей» (12+)
16.50 Футбол. «Спартак» (Кострома) - «Енисей» (Красноярск). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
19.20 Футбол. «Амкал» (Москва) - «Алания» (Владикавказ). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
21.55 Футбол. «Сельта» - «Атлетико». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
00.55 Волейбол. «Белогорье» (Белгород) - «Динамо» (Москва). Чемпионат России. Pari. Суперлига. Мужчины (6+)
02.55 Новости (0+)
03.00 Баскетбол. ЦСКА - «Уралмаш» (Екатеринбург). Единая лига ВТБ (6+)
05.00 Что по спорту? (12+)
05.30 «Кто кого?» (12+)

Мэрем, фокIадэм и 27

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, **12.00**, **15.00** Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, **12.15**, **14.00**, **17.00** Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 «Человек и закон» (16+)
19.45 «Поле чудес» (16+)
21.00 «Время»
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

Нэхъыщхьэр дытекIуэнырщ!

● Ди щIалэ хэкупсэхэр

Кавказым щыпсэу лъэпкъ куэдым къахэкIа щIалэ мымащIэ хэтщ дзэ Iуэху хэхар къызэрежьэрэ. Хэти дзэм ираджэжахэм ящыщщ, хэти и лэжьыгъэкIэ абы кIуэну къыхудэхуащ. Ауэ зи гугъу тщIы щIалэхэм я нэхъыбэр езыр-езыру дэкIащ. Дауи, ахэр абы кIуэн хуей щIэхъуам щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэ иIэнри хэлъщ. Арами, мы щIалэхэр зэщхь зыщIи щыIэщ - дэтхэнэри хэкупсэщ, лIыгъэ зыхэлъщ, зэныбжьэгъугъэмрэ щыпкъагъэмрэ пщIэ хуэзыщIщ.

Сэмэгумкlэ къыщегъэжьауэ: **Дыщэкl Аслъэнрэ къэбэрдей щIалэ, СВО-р зэрыщIидзэрэ лIыгъэ хэлъу зауэм Iута, хахуэу хэкIуэда Шогуэ Зауррэ.**

МИС апхуэдэ ди зы хэкуэгъум, ди лъэпкъэгъум мы тхыгъэмкIэ нэIуасэ фыхуэтщIынут. ЛIыхъужьыгъэ зэрихьам къыпэкIуэу Жуковым и медалыр зыхуагъэфэща ДыщэкI Аслъэн Едыдж и кIуэр бадзэуэгъуэм и 21-м 1976 гъэм Хьэбэз районым хыхьэ Беслъэней къуажэм къыщыхъуащ. ЩIалэм курыт еджапIэр къиухри, ДОСААФ-м водитель IэщIагъэр щызэригъэгъуэтащ. Ар зэрызэфIэкIыу дзэм къулыкъу илъэситIкIэ щыщIащ икIи старшина хъуауэ къэкIуэжри, зэрыхабзэуи, щIидзащ лэжьэн. Аслъэн мылицэм и ППС къудамэм хыхьэри, абы илъэси 3-кIэ щылэжьащ. Ауэ, ещанэ зэрыжиIэмкIэ, мы лэжьыгъэм зэрытемыгъэпсыхьар къыгурыIуэри, къыхэкIыжат. ИужькIэ лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ, Iуэхуншэу зэи щысакъым.

Аслъэн и ныбжькIэ илъэс 23-рэ хъуу арат и адэ-анэр пасэу щыщхьэщыкIам. Езым нэхърэ илъэсийкIэ нэхъыщIэ и къуэш Руслан ар шынэхъыжьи адэ пэлъыти хуэхъуауэ жыпIэ хъунущ.

Арагъэнщ Аслъэн езым теухуауэ тхыгъэ дгъэхьэзырыну дыщыIущIам, зэуэ и къуэш Руслан и гугъу къыщIытхуищIар. Ди псэлъэгъур къуэшым хуогузавэ, мазитI хъуауэ и ххьбар ищIэркъыми...

- Зэрызмыдэнур ищIэрти, сыщымыIэу зэгурыIуэныгъэ ярищIылIэри, СВО-м кIуащ. Си къуэш закъуэщ, икIи нэхъыщIэщ... - жеIэ Аслъэн, и псэр зэрыпIейтейр зыхэпщIэу.

Езы лIыхъужьым и гугъу тщIынщи, ар 2022 гъэм фокIадэ мазэм кIуащ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкIым. ИлъэситIым кириубыдэу Аслъэн щэ уIэгъэ хъуащ: зэм контузие хьэлъэ иIащ, етIуанэм шэр и Iэм пхыкIащ, ещанэм лагъым къэуам къигъэлъея пкъыгъуэ и лъакъуэм къыхэнащ...

ДыщэкIым фэрыщIыгъэ хэмылъу жеIэ абы щIэкIуам и щхьэусыгъуэр щIалэхэм дэIэпыкъуэгу яхуэхъун мурад зэриIар зэрыарар. Аслъэн и псалъэхэр уи фIэщ мыхъуну щыткъым: ар цIыху гуапэщ, щабэщ, гъэсащ.

ДызэрыщигъэгъуэзамкIэ, ар зыхэт гупыр лъэпкъ къызыхэкIакIэ зэщымыщщ, ауэ зэкъуэшым хуэдэу зэхущытхэщ.

- Сыту жыпIэмэ, абдеж укъызыхэкIа лъэпкъракъым, уиIэ мылъкуракъым нэхъыщхьэр, атIэ лIыгъэу, цIыхугъэу пхэлъращ. Зауэм деж нэгъуэщIщ нэхъыщхьэ хъур, - жеIэ Аслъэн.

Ди псэлъэгъур зэхэуэ куэдым хэтащ. Езым къызэрыхигъэщымкIэ, нэхъ гугъуу щытар япэреитIращ. Ипэхуным псэкIи Iэпкълъэпкъкли къыптохьэлъэ зэхэуэр.

- Шынэр зытебгъакIуэ хъунукъым. Аращ нэхъыщхьэр. Уи пашэу щыт командирми куэд елъытащ. Абы лIыгъэ щыхэлъкIэ, гъэметодическэ тхыгъэу 50-м щIигъу.

Борсэхэ я лъэпкъым къабгъэдэкIыу псалъэ иратащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Адыгэ Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, дохутыр цIэрыIуэ Борсэ Мухьэмэд. Абы фIыщIэ яхуищащ мы Iуэхуфlыр къезыхьэжьахэм:

- Мыр зи гукъэкI, абы зи гуащIэ хэзылъхьа дэтхэнэми фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ. Нобэ зи фэеплъыр дгъэлъапIэ ди къуэш нэхъыжь Рэуф нэгъэсауэ хуэфащэщ икIи и гъащIэ Iыхьэкlэ къилэжьыжащ апхуэдэ пщIэрэ щIыхьрэ. Узыгъэгушхуэнщи, нобэ абы и цIэр зыфIэтщ уэрамми Борсэхэ я унагъуэ куэд дэсщ. Сыхуейт, мы хьэблэм дэс унагъуэ къэс къащIэхъуэ щIэблэм Рэуф хуэдэ къахэкIыну, адэкIи ди лъэпкъыр щIэныгъэ гъуэгум тетыну! - къызэхуэсахэм захуигъэзащ дохутырым.

Фэеплъ пхъэбгъур къызэIуихыныр хуагъэфэщащ езы Мухьэмэд, Рэуф зыщылэжьа СКГТА-м и кафедрэм и доцент, техническэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат КIэдэкIуей Алберт, Рэуф ипхъу нэхъыжь ФатIимэ сымэ.

Илъэс 40-кIэ Борсэм и ныбжьэгъуфIу къыдэгъуэгурыкIуа, и лэжьэгъуу щыта, профессор цIэрыIуэ Мамбэт Асчэрбий гуапэу тепсэлъыхьащ Рэуф:

- Абы бгъэдэлъа акъылыр, щIэныгъэр зыми ебгъэщхь мыхъунт, зыми хуумыгъэдэфынт. Си фIэщ мэхъу, къуажэм къимыгъэзэжамэ, ар доктори, академики хъуну, цIэ лъапIэ куэди къилъэщыфыну зэрыщытар. Абы и щIэныгъэм, хэлъа цIыхугъэм сэ срогушхуэ, сроин. Апхуэдэ цIыху щэджащэ пцIыхуныр, къыбдэгъуэгурыкIуэныр насыпышхуэщ. Рэуф и гум и инагъыу щытар къэпщытэгъуейщ. Ар спортми хуабжьу дихьэхырт, лъэрыхьт, лIыгъэ бгъэдэлът. Сыт и лъэныкъуэкIи Рэуф къызэрымыкIуэ цIыху щыпкъэт, - жиIащ Мамбэтым.

Борсэ Рэуф къикIуа щIэныгъэ гъуэгум и бынхэри абыхэм я быныжхэри ирокIуэ. Абы хъыджэбзищ къыщIэхъуащ: ФатIимэ, зэтIолъхуэныкъуэхэу Маринэрэ Мадинэрэ. Щыми дыщэ медалкIэ курыт еджапIэр къауэ Дазэрыщымыгъупщэм папщIэ Тхьэм игъэпсэу цIыкIуи, ини, ди республикэм и Iэтащхьэри, Хьэбэз районым и унафэщIри, - жеIэ лIыхъужьым.

Беслъэней къуажэм Аслъэн къыщыполъэ и щхьэгъусэмрэ и бынплIымрэ. Ахэр адэм, щхьэгъусэм ирогушхуэ, ироин. ЗауэлIым, Iэмал зэригъуэту, унагъуэм телефонкIэ закъыпещIэ, ягу яхуегъэфI.

ЖыIэпхъэщ: езы Аслъэни СВО-м зэрыкIуэр ямыщIэу дэкIауэ щытащ. Абы унагъуэм яжриIат лэжьыгъэ Iуэхуклэ нэгъуэщI къалэ кIуэуэ, икIи пэжыр къащыжриIар Украинэм нэсауэщ.

ДыщэкI Аслъэн мы мазэм СВО-мкIэ иунэтIыжынущ, имыгъэзэжыну хуит къащIами.

- Абы къыщызгъэна щIалэхэрщэ! Ахэр си къуэшым хуэдэ хъуащ. Куэди хэкIуэдащ. Къэнахэр дызэрыIыгъщ, зыр зым щIэгъэкъуэн дыхуохъу, ди псэр дзыхь зэхудощI. ИлъэситкIэ сыщыIауэ, иджы дауэ хъэзгъэнэн ахэр? Ар емыкIукъэ! Иджыпстуи щыIэщ «щхьэ укIуа?» къызжезыIэхэр, ауэ сэ сыщIэкIуар Iупщlу сощIэ - абдеж къэхъум хуэдэ сэ си хэкум къыщыхъуну сыхуейкъым.

Аслъэн жеIэ зауэм хьэкIэкхъуэкIагъэ мымащIэ уэзрыщрихьэлIэр. Гуапэ пщыхъур зыщ: дэ ди зауэлIхэм Iэдэбагъ яхэлъщ, я цIыху напэр ягъэкIуэдыркъым.

- Сэ сызыхэт гупыр щапхъэу къэсхьынщи, ахэр псори лIыхъужьщ, цIыхугъэшхуэ зыхэлъхэщ. НобэкIэ абы щыIэ щIалэхэм я хъуэпсапIэр зыщ - ТекIуэныгъэр зыIэрыдгъэхьэу, зауэм кIэ игъуэтынращ! - жеIэ Аслъэн.

ДыщэкI Аслъэни абы и къуэш Руслани Тхьэм къихъумэхэ, узыншэу тIури я унагъуэхэм яхигъэхьэж!

ЧЫРБЫЖ Иринэ.

И гъащIэр щIэныгъэм теухуат

● Фэеплъ

Зи цIэр жыжьэ зыгъэIуа, профессор, математик, физик Iэзэу щыта, щIэныгъэм и гъуэгум тету псэуа Борсэ Рэуф и фэеплъыр щагъэщыпкъащ къызыщыхъуа Хьэбэз къуажэм. Зыщыпсэуа уэрамым абы и цIэр фIэщыным, и фэеплъ пхъэбгъу кIэрылъхьэным хуэгъэза пэкIу ирагъэкIуэкIащ иджыблагъэ.

«СЫТ хуэдэ лъэхъэнэми езым и лIыхъужь къегъэщIыж...» - зи гугъу тщIыну Iуэхугъуэ дахэм хэтахэм ящыщ зым апхуэдэ псалъэхэр Борсэ Рэуф хуигъэфэщащ. АтIэ, Рэуф хуэдэ акъылыфIэ, математикэм, физикэм, естественнэ щIэныгъэхэм кууу хэзыщIыкI, зи лэжьыгъэм хуэнэхъуеиншэу пылъа гъуэтыгъуейт. Ар къалъытэри, Рэуф и цIэр уэрамым зэрызэрихьэнум ириарэзыуэ мыбдежым щыпсэу дэтхэнэ унагъуэри мы Iуэхугъуэм пыкъуэкIащ.

Зэхуэсым къекIуэлIат щIэныгъэрылажьэ цIэрыIуэм и ныбжьэгъухэр, къыдэлэжьахэр, Борсэхэ я лъэпкъыр, къуажэдэсхэр.

Пэублэ псалъэкIэ ар къызэIуихащ Хьэбэз къуажэ администрацэм и унафэщI ТIуаршы Беслъэн. Ар къеджащ къуажэм Лермонтовым и цIэр зезыхьэ и уэрамыр Борсэ Рэуф и цIэмкIэ зэхъуэкIыным теухуа унафэм. Абы къыхигъэщащ апхуэдэ цIыху пажэхэм я фIыщIэр фэеплъ махуэу, щIэблэмкIэ щапхъэу зэрыщытыр.

Пэкlур езыгъэкIуэкIа, Хьэбэз район администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и методист нэхъыжь Мамхэгъ Зуридэ тепсэлъыхьащ зи цIэ игъэщыпкъэ нэхъыжьыфIым и гъащIэм, и къекIуэкIыкIам.

Борсэ Рэуф Хьэлым и къуэр Хьэбэз къуажэм 1944 гъэм мазаем и 6-м къыщыхъуащ. Зэрыцыкlурэ еджэным, щIэныгъэм зэрыхуэпабгъэм гу къылъатэу щIалэ гурыхуэу къэтэджащ. Дыщэ медалкIэ еджапIэр къиуха нэужь, Рэуф Москва къалэм дэт, Бауманым и цIэр зезыхьэ ищхьэ техническэ училищэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьащ. Ленин и стипендиер къэзыхьэм, нэхъыфI дыдэу еджэхэм яхэтащ. ИкIи ар диплом плъыжькIэ къиухащ. КъызэрымыкIуэ ехъулIэныгъэт ар адыгэ къуажэм къыдэкIа щIалэ цIыкIум дежкIэ. КПСС-м и ЦК-м, РСФСР-м Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

1977 гъэм Борсэм итха диссертацэр ехъулIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ. Ракетэм, техникэ хьэлъэм елэжь, къэралым иущэху IэнатIэхэм пэрыувэну къыхуагъэфащэт абы. Арами, зыщалъхуа хэгъуэгум къигъэзэжащ.

Черкесск къалэм Ставрополь политехническэ институтым и къудамэу дэтым и лэжьыгъэр ирипхащ. Мыбы Рэуф илъэс 40-м нэскIэ щылэжьащ, и гуащIэ хилъхьащ кафедрэ бжьыгъэ къызэIухыным, институтым и щIэныгъэрылажьэ, IэщIагъэрылажьэ нэс къыщIигъэкIыным. Борсэр егъэджакIуэу щытами, зэи зэпигъэуакъым щIэныгъэ лэжьыгъэри. Абы къызэринэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу, щIэныгъэметодическэ тхыгъэу 50-м щIигъу.

Борсэхэ я лъэпкъым къабгъэдэкIыу псалъэ иратащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Адыгэ Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, дохутыр цIэрыIуэ Борсэ Мухьэмэд. Абы фIыщIэ яхуищащ мы Iуэхуфlыр къезыхьэжьахэм:

- Мыр зи гукъэкI, абы зи гуащIэ хэзылъхьа дэтхэнэми фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ. Нобэ зи фэеплъыр дгъэлъапIэ ди къуэш нэхъыжь Рэуф нэгъэсауэ хуэфащэщ икIи и гъащIэ Iыхьэкlэ къилэжьыжащ апхуэдэ пщIэрэ щIыхьрэ. Узыгъэгушхуэнщи, нобэ абы и цIэр зыфIэтщ уэрамми Борсэхэ я унагъуэ куэд дэсщ. Сыхуейт, мы хьэблэм дэс унагъуэ къэс къащIэхъуэ щIэблэм Рэуф хуэдэ къахэкIыну, адэкIи ди лъэпкъыр щIэныгъэ гъуэгум тетыну! - къызэхуэсахэм захуигъэзащ дохутырым.

Фэеплъ пхъэбгъур къызэIуихыныр хуагъэфэщащ езы Мухьэмэд, Рэуф зыщылэжьа СКГТА-м и кафедрэм и доцент, техническэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат КIэдэкIуей Алберт, Рэуф ипхъу нэхъыжь ФатIимэ сымэ.

Илъэс 40-кIэ Борсэм и ныбжьэгъуфIу къыдэгъуэгурыкIуа, и лэжьэгъуу щыта, профессор цIэрыIуэ Мамбэт Асчэрбий гуапэу тепсэлъыхьащ Рэуф:

- Абы бгъэдэлъа акъылыр, щIэныгъэр зыми ебгъэщхь мыхъунт, зыми хуумыгъэдэфынт. Си фIэщ мэхъу, къуажэм къимыгъэзэжамэ, ар доктори, академики хъуну, цIэ лъапIэ куэди къилъэщыфыну зэрыщытар. Абы и щIэныгъэм, хэлъа цIыхугъэм сэ срогушхуэ, сроин. Апхуэдэ цIыху щэджащэ пцIыхуныр, къыбдэгъуэгурыкIуэныр насыпышхуэщ. Рэуф и гум и инагъыу щытар къэпщытэгъуейщ. Ар спортми хуабжьу дихьэхырт, лъэрыхьт, лIыгъэ бгъэдэлът. Сыт и лъэныкъуэкIи Рэуф къызэрымыкIуэ цIыху щыпкъэт, - жиIащ Мамбэтым.

Борсэ Рэуф къикIуа щIэныгъэ гъуэгум и бынхэри абыхэм я быныжхэри ирокIуэ. Абы хъыджэбзищ къыщIэхъуащ: ФатIимэ, зэтIолъхуэныкъуэхэу Маринэрэ Мадинэрэ. Щыми дыщэ медалкIэ курыт еджапIэр къауэхащ, еджапIэ нэхъыщхьэр диплом плъыжькIэ зыIэрагъэхьащ. ФатIимэрэ Маринэрэ я бынхэми диплом плъыжьрэ дыщэ медалрэ зимыIэ зыри къахэкIакъым. Я нэхъыщIэ дыдэу яхэт Iэдэм цIыкIу и дадэм нэхъ ещхьу ялъытэри, нэхъыбэжкIи щогугъ.

Жагъуэ зэрыхъущи, зэтIолъхуэныкъуэхэм яз Мадинэ унагъуэ ищIынуи хущIыхьакъым, игъуэ нэмысу дунейм ехыжащ.

ГушхуапIэу, гъуэгугъэлъагъуэу быным дежкIэ щыта адэфIым теухуауэ ФатIимэ жеIэ:

- Псэуэ унагъуэм хэтыр ди адэрат. Акъылыфlагърэ гупсысэкIэ гъэщIэгъуэнрэ зэрыбгъэдэлъыр ягъэщIагъуэу къекIуэкIащ ди адэр. ЕджакIуэ нэхъыфI дыдэу ябжти, школым и ныпыр сыт щыгъуэми къезыхьэкIар арат. Москва еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэри, апхуэдэ дыдэт: и егъэджакIуэхэм ягъэщIагъуэу, «хабезкий самородок» къыфIащауэ фIыуэ къалъагъурт. И диссертацэр ехъулIэныгъэшхуэ иIэу щыпхигъэкIами, лъагапIэ дапщэ зыIэригъэхьэфыну щыта! Ауэ а гъуэгум щыIтригъэзыкIами щхьэусыгъуэ иIэжщ. Езыр къызыщыхъуа хэку цIыкIум щIалэгъуалэм щIэныгъэ ябгъэдэзыпхьэн зэрыщымащIэрат. Ди адэр цIыхум зэращхьэпэнум, и лэжьыгъэм фIагъ зэрыхилъхьэнум и гъащIэ псор триухуащ, - жиIащ ФатIимэ.

Пэкlур щызэхуащIыжым, уэрамым и цIэмрэ унэм и нагъыщэмрэ зытет дамыгъэхэр унагъуэхэм хуагъэфэщащ. Борсэ Рэуф и цIэр зытет пхъэбгъур унагъуэ къэс и куэдкIэ зэпхуэнэ иджы кIэрылъхьнущ. А цIыхушхуэм и цIэр, и фэеплъыр зэрыпхуэгъэщыпкъэнур щIэблэр щIэныгъэм хуэбгъэтIмэщ.

АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ.

Анэдэлъхубзэм и IэфIыр

«Адыгэ цIыкIу» сабий зегъэужьыпIэм и гуащэ Къармэ Iэсиятрэ и хъыджэбз курыт Лянэрэ Тыркум щыIащ анэдэлъхубзэр хъумэным теухуа Iуэхуфыкiэ. ТхьэмахуитIым къриубыдэу ахэр бзэм и Iэфiыр зыхрагъащIэу ядэлэжьащ Швейцарием щыщ адыгэ унагъуэм...

ТАМБИЙ Эрджумент и адэшхуэм и адэжращ Хэкум икIауэ щытар. Абы лъандэрэ лъэпкъым и къуэпсыр ямыгъэгъуу бзэр яхъумэ. Езыхэр къыщыхъуар Германиерщ. Тамбий Эрджументрэ и щхьэгъусэ Шэхьмырзэ Тюлинрэ щIалитIрэ хъыджэбзрэ яIэщ: Бэдын илъэс 14, Нэсрэн – 12, Мамыху (Iэминэ) илъэси 9 мэхъу.

- Унагъуэр куэд щIауэ къыткIэлъоплъ, ди «Адыгэ цIыкIу» Iуэхущ1пIэм щекIуэкI дерсхэм къехъуапсэу. Зэкъуэшищ мэхъу ди бысым унагъуэм я нэхъыжьыр. Я нэхъыщIэр Германием Адыгэ Хасэм щолажьэ. Абырэ дэрэ интернетымкIэ дызэрыщIэрти, адыгэбзэкIэ тхылъ, журнал е бзэм теухуауэ гупсысэ гуэрхэр зэрыт литературэ щылъхъуи, зыгуэркIэ къыщыдэчэнджэщ къэхъуми, дызэрыщIэрт. Унагъуэм Туркум унэ щаIэщ хы Iуфэм и гъунэгъуу, абы гъэмахуэкIэ зыщагъэпсэху хабзэщ. Эрджументрэ Тюлинрэ драгъэблагъэри, зэщIыгъуу Туркум дыщыIащ. Адыгэбзэми делэжьащ икIи зыдгъэпсэхуащ. Абыхэм хьэщIагъэу къыдахар, хабзэрэ зыIыгъыкIэ дахэу ядэтлъэгъуар псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэн хуэдизщ. Нэхъыбэ едгъэлъэгъуарэт, ерыскъы нэхъ IэфI едгъэшхарэт, щIэщыгъуэ ящытщIаIарэт, жаIэу пIейтейхэрт. Я гур зэIухати, хьэщIэкIэ, щэнкIэ, хабзэ-нэмыскIэ удахьэхырт. Iэнэм зэрыпэрыс къудеймкIи ядэплъагъурт хабзэ. Абы зэгъусэу пэрытIысхьэрт, зэгъусэу къыпэрыкIыжырт. АпщIондэхункIи зыми и телефон ауи гъунэгъуу щылътэкъым, – жеIэ Iэсият.

Iэсият Тырку гъуэгуанэм программэ щхьэхуэм тету зыхуигъэхьэзырат. Бзэм теухуауэ зэрылэжьэну псори и Iэдэжт. ИтIанэми, цIыху къэс бгъэдыхьэкIэ хэха уиIэу удэлэжьэным и пIалъэр зыщIэ гъэсакIуэ – егъэджакIуэм икIи психологым фIыуэ ищIэрт а игъэбелджылар кьигъанэу, и ещанэ щIэщIэхэм яхуэкIуэ программэ щIэщыгъуэ къызэкъуихынми хуэхьэзырын зэрыхуейр.

- Зыщызгъэхьэзырым зэхэзгъэува программэм зыкъомкIэ сыкъытекIащ, дауи. Езгъэджэнухэм сахуэзэ, сепсэлъа нэужь, абыхэм яхуэкIуэн бгъэдыхьэкIэри си гупсысэм щызгъэбелджылащ. Ар зы жэщым зэхэзгъэувэжащ. Тхылъхэр, карточкэхэр сIыгъыххэт, нэгъуэщI сызыхуеинуIамэ флешкэм тету сиIэт е электроннэ почтэм щыхъумат.

Унэгуащэмрэ я бынищымрэ едгъэджащ. Махуэм дерсыр сыхьэтищ – плIыкIэ едгъэкIуэкIмэ, абы адыгэ къафи къыхэдгъэхьэрти, къатехьэлъэртэкъым. ПщыхьэщхьэкIэрэ, щхьэхуэурэ сабгъэдэтIысхьэрти, махуэм дджахэр къезгъэпщытэжырт. Езыхэр гуры хуэути, нэхъыбэж къызэращIэным егугъурт. ДызэрызэщIыгъуа пIалъэм къриубыдэу алфавитыр фIыуэ зрагъэщIащ, псалъэ щхьэхуэхэм, жыIэгъуэхэм, псалъэухахэм щыгъуазэ хъуащ. Дерсхэм къыщыдгъэсэбэпащ адыгэм къыддекIуэкI псалъэжьхэмрэ псалъэ Iущхэмри. Лъэпкъ хабзэм, ди къафэм, ди шхыныгъуэхэм, щэнхабзэм щыщхэр – куэд ираубыдащ ягу, - жиIащ ди псэлъэгъум.

ХамэщIым щыпсэу унагъуэм адыгэныр я лъым зэрыхэтым, я щIэблэм адыгэбзэр кърагъэщтэжыныр мурадышхуэу зэраIэм щытепсэлъыхьым, Iэсият къыхигъэщащ сабийхэр щыцIыкIу дыдэм, иджыри еджакIуэ щымыкIуам, адыгэбзэр ящIэу икIи ирипсалъэу зэрыщытам бзэм теухуауэ я зыхэщIэр нэхъыфI зэрищIар. Адэм адыгэбзэр фIы дыдэу ещIэ. Ауэ абы и лэжьыгъэр куэд мэхъури, унагъуэм шэщIауэ яхэсыну Iэмал иIэкъым.

- ЩыцIыкIу дыдэм адыгэбзэкIэ псалъэрт сабиищри. Школым кIуэхэри, хуэмурэ яIэщIэхуэжащ. Ауэ щыхъукIэ, а я цIыкIущхьэм бзэм и Iэфiыр зэрызыхащIам анэдэлъхубзэм теухуауэ я гур зэIуха ищIат. Абы зэрыхуэныкъуэр зыхащIэ, жыхуэсIэщ, - къыхегъэщ Эрджумент.

Езым апхуэдизу адыгэбзэ къабзэ Iурылъти, пщIэ зыхууигъэщIырт, тыншу дызэгурыIуэрт. «Iэсият, е сэ уи гъусэу Зеикъуэ укъыщыхъуащ, е уэ си гъусэу Германием укъыщыхъуащ», - жиIэрт езыр гушыIэу, - къытхутепсэлъыхьащ Iэсият.

Анэм щIыгъуу адыгэбзэм унагъуэр хуригъэджащ абы ипхъу Лянэ. Абы папщIэ пщащэм къигъэсэбэпа Iэмалри щIэщыгъуэт, нэхъыщхьэрати, еджакIуэхэр дихьэхырт. Лянэ езыр гъуазджэм хуоджэ, Iэпэ-Iэсэщ. Тюлинрэ Мамыхурэ яригъэщIащ адыгэ тхыпхъэ зытет чыси, къэлътмакъ цIыкIуи, я лъэпкъ дамыгъэри хригъэдыкIащ. ЯригъэщIащ Iэпщэхъуухэр, лэрыпсхэр, тхьэгъуэхэр.

Iэсият и еджакIуэхэм яригъэщIахэм ящыщщ адыгэ джэгукIэ гъэщIэгъуэнхэри. И интернет напэкIуэцIым щыслъэгъуат абы папщIэ къигъэсэбэпахэр. КIэн щыкъуей цIыкIухэм гу ялъыстащ...

- КIэнхэр сэ езым зэзгъэпэщыжащ. Къупщхьэ цIыкIухэр зэхуэсхьэсурэ фIыуэ згъавэри, абы мэ щымыун щхьэкIэ, фIы дыдэу згъэкъэбзащ. КIэн уанэр Гугъуэтыж Артур тхуищIауэ щытащ.

Бысымхэм, хьэщIагъэ кърахыу, Iэсиятрэ Лянэрэ Тыркум щыIэ щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэплъыхьащ. Я псэр зыхьэхуа зекIуэхэм ящыщщ кхъухкIэ хым тету Алыджым и гъунапкъэм зэрынэсари.

- Дэ дыздэщыIа Бодрум къалэр Алыджым и гъунапкъэм пэгъунэгъут. Пщэдджыжым хым дытехьэри, махуэ псом кхъухым дисащ, - жеIэ Iэсият.

Лянэ игу ирихьащ Книдос пасэрей къалэри.

- А щIыпIэр игъащIэкIэ си гум илъынущ, егъэлеяуэ сихьэхуащ, си псэми зыщигъэпсэхуащ, - жиIащ абы.

Анэдэлъхубзэм зэпищIэри, ныбжьэгъу зэхуищIащ унагъуитIыр. Ар адыгэбзэм жыжьэ уэзрынихьэсым и зы щапхъэщ. Тамбий Эрджументрэ Шэхьмырзэ Тюлинрэ я унагъуэм адыгэбзэ дерсхэм пащэнущ скайпым и IэмалымкIэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ДАУ Аминэ:

Адыгэ уэрэдхэр нэхъыбэу зэрызгъэзэщIэным сыхущIокъу

Нобэ ди псэлъэгъущ цIыху куэдым я гум дыхьэну хунэса уэрэджыIакIуэ Дау Аминэ.

- Аминэ, псом япэу утезгъэпсэлъыхьынут иджыблагъэ Апэнэс Астемыр и гъусэу утыку къифхьа лэжьыгъэм. «Уэрэ сэрэ» уэрэд цIэрыIуэр къэфщтэжу вгъэзэщIэну дауэ фигу къэкIа?

- «Уэрэ сэрэ» уэрэдым псоми я сабиигъуэр ягу кьегъэкIыж жысIэу щытмэ, сыщыуэну къыщIэкIынкъым. Сэри а уэрэдым си сабиигъуэм сыхешэж. Телевиденэм нэтын иIэу щытащ «МакъамэкIэ дохъуэхъу» жиIэу. Си нанэр псом хуэмыдэу а уэрэдым пэплъэу, къатмэ - дежьууэ щысу си нэгу къыщIохьэж. Мис апхуэдэ гукъэкIыжхэр епхащ а уэрэдым. Ауэ абы щыгъуэм а уэрэдым и купщIэри мыхьэнэри сэ къызгурыIуащэу къыщIэкIынтэкъым, дауи. Къапщтэмэ, иджыщ, абы и псалъэхэм Интернетым сыщрихьэлIэу, икъукIэ сфIэгъэщIэгъуэн щыхъуар, уэрэдым егъэлеяуэ мыхьэнэшхуэ зиIэ гупсысэ зэрыщIэлъыр щызыхэсщIар. Абы хэт псалъэхэр апхуэдизкIэ сигу дыхьати, зы махуэ гуэрым лэжьапIэм сыщыIэу, макъамэ щIэмыту уэрэдыр жысIэу видео зытесхьыжри, си напэкIуэцIым къислхьащ. А пщыхьэщхьэм Апэнэс Астемыр абы гу лъитагъэнт - езыми апхуэдэ дыдэу уэрэдым гитарэкIэ макъамэ щIилъхьэри, «Уэрэ сэрэ» уэрэдыр игъэзащIэу зытрихьижащ - ди видеохэр зэуIу ищIри, тIуми зэдыжытIэ хуэдэу Интернетым кърилъхьащ. ЦIыху куэд абы къыпэджэжащ, ягу зэрырихьар, я псэм зэрыдыхьар къыхагъэщу. Языныкъуэхэми чэнджэщ къыдатащ а уэрэдыр зэгъусэу жытIэу едгъэтхын зэрыхуейм теухуауэ. Апхуэдэу къыщатхым, Астемыррэ сэрэ дытегушхуащ а лэжьыгъэм. Фигу къэзгъэкIыжынщи, «Уэрэ сэрэ» уэрэдым и макъамэр зейр Даур Аслъэнщ. Абы и псалъэхэр Къуэдзокъуэ Хьэсэн хуитхауэ щытащ и щхьэгъусэ Ащнокъуэ-Къуэдзокъуэ Тамарэ.

Мы уэрэдыр хэкIуэтауэ пхуэзэсами,
Мы си щхьэцым уэс мыткIужыр къытесами,
Сэ къысфIощIыр уэрэ сэрэ
Япэу нобэ дызэхуэзэу.
Уэрэ сэрэ,

Уэрэ сэрэ,
Япэу нобэ дызэхуэзэу.

Мы псалъэхэр абы и гум къыбгъэдэкIыу зэритхагъэнращ, и купщIэр щIызыхэпщIэр. Ар япэ дыдэу зыгъэзэщIауэ щыта Шумахуэ Хьэзрэйили и фэеплъым пщIэ хуэтщIу уэрэдыр утыку къитхьащ.

- Аминэ, 2024 гъэм уэрэдыщIэ зыбжанэ бгъэзэщIащ. Абыхэм ящыщщ «Сэридай» жыхуиIэр. КъызэрызгурыIуамкIэ, абы Лосэн Тимур и гуащIэ хэлъщ...

- «Сэридай» уэрэдыр илъэсибгъу и пэ иджыри зэхэсхауэ щытащ, «Бзэрабзэ» гупым хэтхэр Мейкъуапэ драгъэблэгъауэ дыщыкIуэм. «Уэ пхуэгъэзэщIэнут», - жиIэри, абы сригъэдэIуат Чылар Нэсрэн. Ар зэрызэхэсхрэ сигу дыхьауэ, ауэ сытемыгушхуэу куэдрэ сыгупсысащ. Иужьым си мурадым Лосэн Тимур щыщызгъэгъуазэм, Iуэхур къыздиIыгъащ икIи уэрэдым макъамэри схущIигъэуващ езыр пшынэ еуэу.

Уэрэдым и гугъу пщIымэ, абы и тхыдэм, хъыбарым хэсщIыкIыртэкъым, Нэсрэн сыхигъэгъуэзащ армыхъумэ. Ар зэратхар бжьэдыгъу диалектщ. КъэбэрдеибзэкIэ зэрадзэкIауи куэдым ягъэзащIэ. Ауэ уэрэдыр зытха Дэгумыкъуэ Илхьэн и жагъуэ хъуат къэбэрдеибзэкIэ зэзыдзэкIахэм абы и купщIэр зэрахъуэжар. Абы къыхэкIыу уэрэдым и псалъэхэр зэрыхъукIэ дымыхъуэжу, къэбэрдеибзэм къидгъэзэгъэныр нэхъ тфIэкъабылт. А IуэхумкIи Нэсрэн къыздэIэпыкъуащ, журналист Табыщ Мурат абы гъусэ къыхуэхъури, псалъэхэм я мыхьэнэр зэримыхъуэкIыу тхыжа хъуащ. Лэжьыгъэр щедгъэтхащ Лий Аслъэн и студием. Уэрэдыр дахэ хъуауэ къызолъытэ, щIэгъэкъуэн къысхуэхъуа псоми фIыщIэ яхузощI.

- Гу зэрылъыстамкIэ, уи уэрэдхэм щIэлъ псалъэхэр нэхъыбэу зейр Шыпш Залинэщ. Фи гупсысэкIэ, Iуэху еплъыкIэкIэ фызэтехуэу ара?

- Залинэрэ сэрэ илъэситху и пэ дызэрыцIыхуауэ щытащ. Абы лъандэрэ дызэдолажьэ икIи дызэныбжьэгъущ. Псом хуэмыдэу сигу ирихьыр Залинэ псалъэхэр хэщыпхьурэ купщIэ ящIэлъу къызэрыхихырщ. Псалъэм папщIэ, лъагъуныгъэм ар тепсэлъыхьмэ, а гурыщIэр наIуэу къыхигъэщыркъым, атIэ щIэхъумауэ къеIуэтэф. Залинэ и тхэкIэр куэдым ягу зэрыдыхьэр нэрылъагъу сщохъу «сыту псалъэ пэж, псалъэ дахэ куэд хэт уи уэрэдым», жаIэу къыщысхуатхкIэ. Ар зи фIыщIэр, шэч хэмылъу, Залинэщ.

- Аминэ, нэхъыбэу адыгэ уэрэдыжьхэр бгъэзащIэ си гугъэщ. Сыт ар къызыхэкIыр?

- Пэжщ, псом хуэмыдэжу сфIэфIщ ди лъэпкъ уэрэдыжьхэр згъэзэщIэну. Ар, сэ къызэрысщыхъумкIэ, зи фIыщIэр си анэращ. СабиигъуэмкIэ сыIэбэжмэ, абы унагъуэ Iуэху ищIэми, ауэ зигъэпсэхуу щысми, сытым дежи дзапэ уэрэд жиIэу щытащ. Апхуэдэу сэри уэрэд жыIэныр фIыуэ слъэгъуащ.

- «Бзэрабзэ» гупым уэрыхэтам и гугъу уэзгъэщIынут...

- Гупым илъэсих хуэдэкIэ сыхэтащ. ИкъукIэ пшыхь дахэ куэд едгъэкIуэкIащ гукъинэжу. Абыхэм ящыщу къыхэзгъэщынут ЩоджэнцIыкIуи и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым гъэ хъэс пшыхьэр зэрыщедгъэкIуэкIар. Псалъэм папщIэ, ЛыцIэрыIуэ Ким и уэрэдхэм тедуха концертыр сигу къинэжащ.

- Аминэ, мы Iуэхум епхауэ щIэныгъэ зэбгъэгъуэтат?

- Шэджэм къалэм дэт Макъамэ школыр къэзухащ. Абы иджыри сыщIэсу, 2015 гъэм, Москва кьикIахэм уэрэд гъэзэщIэнымкIэ зэпеуэшхуэ ирагъэкIуэкIыу сыхэтати, къызэгъэпэщакIуэхэм тхылъ къысхуагъэфэщауэ щытащ. Абы Москва гъуазджэхэмкIэ и колледжым срищIэтIысхьэну хуит сищIырт. Ауэ сыкIуэну сыхуейтэкъым, ди деж щIэныгъэ щызэзгъэгъуэтмэ нэхъ къасщтэрти, Налшык дэт Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым сыщIэтIысхьэри, ар къэзухащ. Зэрезгъэжьам хуэдэу, адэкIи сыхуейт згъэзащIэхэм нэхъыбэжу адыгэ уэрэдхэр къыхэзгъэхьэну, солэжь си закъуэу стыну концертым. Уэрэд жыIэныр, утыку итыныр си унагъуэм, щхьэгъусэм къызэрызда1ыгъым сегъэгушхуэ, си ехъулIныгъэхэм щыгуфIыкIыу, зыкъызэрысщIагъэкъуэным иужь иту апхуэдэщи, фIыщIэ яхузощI.

- Упсэ, Аминэ. Тхьэм уригъэфIакIуэ!

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым

А хъуапсэм къаруууэ къыпхилъхьэр-щэ?! Бзылъхугъэм хуумыгъэфэщэн къарущ ар, Iуащхьэмахуэ удэзышыфщ. Черкесск къыщыдэкI «Лэгъупыкъу» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ, «Черкес хэку» адыгэ газетым жэуап зыхь и секретарь Аслъэныкъуэ (Хьэтай) Мадинэ куэд щIауэ игу илъ хъуэпсапIэр «Черкес хэку» газетыр къыдэкIын зэрыщIдзэрэ мы гъэм илъэси 100 зэрырикъум триухуэу зэрызригъэхъулIам теухуа хъыбар теташ ди газетым. Мэкъуауэгъуэм и 24-м сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 50-м метр 5642-рэ зи лъагагъ Iуащхьэм и щыгу иуващ ди лэжьэгъу, ныбжьэгъу пщащэр. Ди газетеджэхэр щыдгъэгъуэзэну дыхуейт Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIуеям теухуа Мадинэ и гъуэгуанэ тхыгъэхэм.

«Псори сабиигъуэм дыкъыщожьэ-тIэ. АтIэ а сабиигъуэм лъабжьэ пхуэхъуам, уи щхьэм ирагъэзгъа гупсысэм гъащIэ псом узэщIиIэтэу уегъэпсэу. Ар ехьэлIащ гукъэкIыж хьэлъэхэм, гуфIэгъуэ дакъикъэхэм, ауэ пэжыр зыщ... ар упсэухукIэ къыбдогъуэгурыкIуэ. АтIэ, илъэс 40 ныбжьым сынэсын хуейуэ къыщIэкIынт си сабиигъуэ лъандэрэ сиIа хъуэпсапIэр зыIэрызгъэхьэн папщIэ. Ауэ, псоми езым и пIалъэ хэха иIэжщ.

Бгыхэр, щIыуэпсыр, зэрыдунейуэ зи псэм Iэфlу хэлъа ди адэм сыхуэфэщэным, фIыуэ илъагъу псори дэзгуэшыным сыхущIэкъуащ. АбыкIэ ар арэзы сщIы къыисщыхъурт. МащIэфащIэт дызэщIыгъуу джабэу, бгы лъагэу, бгъуэнщIагъыу къыззэхэткIухьар, къэхутэныгъэу едгъэкIуэкIар! Ауэ, ди адэр зыхущIэмыхьа, Iуащхьэмахуэ и щыгум дытеувэныр тIуми ди плъапIэт, ди хъуэпсапIэт. Сытригъэгушхуэрт: «КIуэ, еплъ плъэкIынум, ауэ уи анэм иумыгъэцIыху... гузэвэнущ», - жиIэрт.

...Си псэм хуэсхь «Черкес хэку» газетыр апэу дунейм къыззрытехьэрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпIэным иужь дихьат. Редакцэм щылажьэхэм а Iуэхугъуэм хуэгъэза ди еплъыкIэр, ди гупсысэхэр зэхэтлъхьащ, тегъэчнауэ Iуэхум дыбгъэдыхьащ. Си гум щызгъэфIа хъуэпсапIэр щызгъэзэщIэну пIалъэу сызэжьар мырагъэнт. «Газетым и цIэкIэ Iуащхьэмахуэ дыдэкIмэ?!» - си гупсысэмкIэ гупым садогуашэ, махуэщIым и щIыхькIэ дгъэхьэзыр Iуэхугъуэхэми дызэдэарэзыуэ хыдогъэхьэ. «Хэт сызышэнур?», «Сыт къызэрыщIэсдзэнур?» къоув упщIэ куэд. Зэи узримыхьэлIа Iуэхум ухэзэгъэныр, ар епшэжьэныр тыншкъым. Си гум къокIыж Эверест бгым апэ дыдэу дэкIа адыгэ бзылъхугъэ Мэз Каринэ интернеткIэ си ныбжьэгъуэхэм зэрахэтыр. Хузотх. Си гугъэмкIэ сыдогуашэ. Гуапэу си лъэIум къыпэджэжа ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ хахуэм нэхъри сытрегъэгушхуэ, гъусэ симыIэми гуп зэщIиугъуаемэ, сыхигъэхьэну сыкъегъэгугъэ...

* * *

«... Сыщыпсэу Жьэкуэ къуажэм къыпэщыт, Хьэгъундыкъуей къуажапщэм щыщIидзэ, метр 1300-рэ зи лъагагъ Хьэтиикъуэ бгым си плIэм хьэлъэ илъу пщэдджыжь къэс сыхьэти 4-м сыдэкIыурэ, мэкъуауэгъуэм и 19-р къос. ПсэкIи Iэпкълъэпкъкли сыхуэхьэзыру къысщыхъурт къыспэщылъ Iуэхум. Iуащхьэмахуэ дыдэзышыну Мэз Каринэ жиIа псори згъэзащIэурэ зызгъэхьэзырат. Ари тыншу зэрыщымытар къыхэгъэщыпхъэщ мыбдеж. Пщэдджыжь нэхулъэр щызэщIичым, хьэIуцыдзхэм я макъхэр къэIуу, псыхъуэм къыщызжыхьурэ, си плIэIум хьэлъэ илъу бгым дэкIыныр изогъажьэ. Бгыщхьэм хуэкIуэ джабэхэр лъагэщ икIи дэгъэзеигъуэщ, къищынэмыщIауэ зыри щыбауэркъым. Апхуэдэ зы пщэдджыжь гуэрым, Iэщыхъуэ-мэлыхъуэхэри къемыжьауэ, хуабжьу сыдзыхат. Хабзэ зэрысхуэхъуам тету, губгъуэджэдгын къыпызоч, псы пщтыр зэрыт термосым хызодэ, бгыщхьэм сынэсыху шей сызэрефэнум хуэдэу. Япэ мэракIуэхэри къызогъуэт. Бгы лъапэ дыдэм кърадзыхыу хатIам ещхьу щыт мывэшхуэм сытотIысхьэри, си Жьэкуэми, Али-Бердыкъуэми сакъыхоплъэ. Дыгъэ къыкъуэкIым и бзийхэм махуэщIэр къызэрагъэушым сыкIэлъоплъ.

Джабэ нэкIум Iэщым щыхаша лъагъуэхэм сытету сыкърожэ.ИпэкIэ сымылъэгъуа, къыгуэуа Iуащхьэм сыщхьэщохьэ. Жыжьэуэ сызэрыкIуари къызгуроIуэ. Абы хэту си ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ хьэ хужьыышхуэ къажэу къызолъагъу. Псэущхьэ бзаджэм къызэтемыувыIэу си дежкIэ къеунэтI. «Р-р-ррр», - жысIэурэ согуо. Хьэр къызэщIоувыIыкIри, бэнэн щIедзэ. БэнэхукIэ къыжьэдэж Iупсым хьэм и теплъэр нэхъри шынагъуэ ещI.

«Си щIыб къызэрызгъаззэу мыбы сишхынущ», - си щхьэм щIыIэу къолъадэ. Километр бжыгъэкIэ къуажэм сыпэжыжьэу джабэм сыкIэрытщ, пщэдджыжь нэмэзщ, си макъ зыми зэхихынукъым. Си Iуэхур зэрымыщIагъуэр дакъикъэ къэс нэхъ Iупщ Iу зыхызощIэ. Сопхъуэ мывэм, згъэшынэну сыпылъщ. Хьэр нэхъри къызэщIоплъэ, икIуэтыркъым. Абы хэту хьэ банэ макъыр нэхъыбэ мэхъу, адрей джабэм къытоувэ хьэм и «къуэшитху». «Мис иджыщ сыщашхыпэнур!» си гур мэкIуэдыпэ.

ДакъикъэкIэ си щхьэм гупсысэ къолъадэ. Е шынэм къыхэкIа ар, е си адэм и псэр гузавэу къызэджа а дакъикъэм...

«ЦIыхум нэхърэ нэхъ лъагэм псэущхьэу хъуар щошынэ» - папэ къызжиIэу щыта псалъэхэр си щхьэм къохьэж. СIыгъ башым си пыIэр фIызолъхьэри лъагэу солэт. «Р-р-р-р» жысIэурэ пыIэр зыфIэлъ башыр согъэкIэрахъуэ, нэхъри дызохьей... Нэхъ спэгъунэгъуу щыт хьэшхуэр йокIуэтыжри, джабэм тет хьэхэм яхохьэж. Жыжьэу иджыри абыхэм я банэ макъыр зэхэсхыурэ, щIыбкIэ сыкъикIуэтыжурэ джабэ нэпкъым сыкъохьж.

Апхуэдэу джабэр сагъэбгынэн ягугъат куэншыб идзыпIэм хэс, хьэкIэкхъуэкIэ хэхъухьа хьэ бзаджэхэм. Ауэ иужьрей махуэми, адреижми сыдэкIащ, сакъыхуикIуэтакъым...

Ди адэр къызэрытщхьэщымытыжрэ мы гъэм илъэс 15 мэхъу. Ауэ тIуми зы хъуэпсапIэу диIар - Iуащхьэмахуэ и щыгум иувэныртI. Сэ ар зэи сщыгъупщэркъым. СхуэзфIэкIамэ, тIуми тщIауэ къэслъытэнут ар... ИкIи мы гъэм абы сыдэкIыныр таучэл щысщIами, ди адэм и псэр зэрысщIыгъуар си фIэщ мэхъу. Гузэвэгъуэ щытыкIэ куэдым сыщызыхъумари, арауэ къыссщохъу...

* * *

... КъБР-м хыхьэ Чегет жылэм сынос. Си гъусэу Iуащхьэмахуэ ныдэкIуеину гупым нэIуасэ сахуещI Каринэ. Абы и гъусэщ гъуэгугъэлъагъуэ Лонель Светэ. Япэ махуэм метр 3200-рэ зи лъагагъ Шхельдэ бгым дыдэкIыну, етIуанэм зи лъагагъыр метр 3800-рэ хъу Чегет бгыр къыззднэкIыну траухуэ. Абы дытету зыдоIэт. А махуитIым дэтхэнэми и къарум, и Iэпкълъэпкъым хуэзфIэкIынур наIуэ къащIащ. Сэри си гур къызэрыгъэтыжащ: «Си гъусэхэм садэхъунущ, сакъыкIэрыхунукъым».

МахуитIым Iуащхьэмахуэ зыкъыдигъэлъэгъуакъым. И щхьэщыгум пшэ хьэлъэхэр къытегъуэлъхьат. АрщхьэкIэ, метр 3840-рэ лъагапIэм дыщынэсым, къэтлъэгъуащ Iуащхьэмахуэ и дахагъэмрэ и телъыджагъымрэ!

Бгым и ипщэ лъэныкъуэм, дызыхуэкIуэну щыгур Iупщ Iыбзэу щыболъагъу...

«Скалы Пастухова» жыхуиIэ, метр 4800-рэ лъагапIэм унэсныр мытыншу къыщIэкIащ. Каринэ къыдгурегъаIуэ Iуащхьэмахуэ и щыгуми дэгъэзеигъуэр апхуэдэу зэрыщытынур. Мыр тхуэзфIэкIмэ, адэкIи къызэрыдэмыхьэлъэкIынур къыджеIэ. Апхуэдизу гъуэгур къыстехьэлъакъым. Жьы согъуэт. Си къарум сыкъегъэгугъэ. Iуащхьэмахуэ и щыгур гъунэгъу къызэрыхъум нэхъри сегъэгушхуэ.

Зы махуэ зыдгъэпсэхуу, къыкIэлъыкIуэ махуэм, мэкъуауэгъуэм и 25-м, и жэщым щыгум дыдэкIыныр унафэт. Ауэ а махуэм дунейр къызэрызэIыхьэр къыщащIэм, таучэл дымыщIмэ, Iуащхьэмахуэ дызэрыдэмыкIыжьфынур ди гъуэгугъэлъагъуэхэм къыдгурагъаIуэ. Жьыуэ догъуэлъыж. Жэщым сыхьэти 3-м гъуэгу дытоувэ. Псори щыму щхьэж и гупсысэм хэтщ, догугъэ едгъэжьа гъуэгуанэр узыншэу ткIуну.

... Мы щIыпIэм дыкъэсыхукIэ ди къарур куэду тщIэкIащ. Мэз Каринэ къыдгурегъаIуэ хьэуар мыбдежым зэрыщымащIэр, уи нэгу зыгуэрхэр къыщIыхьэу (галлюцинация), жьы умыгъуэту зэрыхъур. Абы щыгъуэм сыхьэти 6 хъуауэ дыкIуэххэт. Дызыуплъэ джабэ задэм цIыхухэр лэрыпс зэпыщIам хуэдэу ирокIуэ. Ахэр бгы джабэм жьгъей цIыкIуу къыкIэрыщу аращ. Джабэр апхуэдизкIэ дэгъэзеигъуэщи, дегъэгужьей. Мыбдежращ апэу шынэ си гум къыщыкIар. Гупым я гукъыдэжыр ехуэхащ, зыри псалъэркъым, хьэуар яхурикъуркъым, къарур дакъикъэ къэс нэхъ мащIэ мэхъу. Ауэ Каринэ къэткIуамкIэ къытхуэарэзыщ.

КIапсэкIэ псори дызэпащIэ, ди вакъэхэм («кошки») дзэ папцIэхэр кIэщIэтщ, уи лъакъуэр зэблэпхыху ахэр зэфIонэ. Узытет лъагъуэр зы лъакъуэ закъуэ зытехуэ къудейщ. Добакъуэ, зы лъэбакъуэм етIуанэр, ещанэр.... ДыкIуэми, гъуэгум и кIыхьагъым хэмыщI хуэдэщ. Уеплъыхмэ, уи щхьэр мэуназ, метр щэ бжыгъэкIэ лъащIэ щумылъагъу лъагапIэм дыщхьэщытщ. Зы IэмкIэ уэсым зыхэзыукIэ («ледоруб») Iэмэпсымэр тIыгъщ, етIуанэмкIэ - баш папцIэр. Ди лъэгум уэсыр щопсалъэ...

АдэкIэ докIуэ. Гупым къытхэт Аслъэн къохьэлъэкI. И хьэлъагъыр, хьэуар зэрымащIэр къытохьэлъэ, зыдоIэжьэ. Калугэ щыщ Катя адэкIэ зэрымыкIуэжьфым егъэтхьэусыхэ. Зыдагъэгъэпсэху. Ди гъуэгугъэлъагъуэхэр хэти ди щытыкIэм къыкIэлъоплъ, дагъэгушхуэ. Сытхьэусыхэркъым, щэхуу си гупсысэхэм сахэтщ. ТIэкIу дыдэ къэнэжам псэкIэ зыхузогъэхьэзыр. Щыгум дыIуоплъэ...

Гупыр зэкIэрымыхун папщIэ, зыр адрейм дожьэ, дызэрызэпха кIапсэхэр зыпытхыжащ, щхьэж езым зэрылъэкIыу мэбакъуэ. Доплъэ... Къэнэжар метр 40-м нэсщ. Лъэбакъуэхэр нэхъри нэхъ хуэм, нэхъ хьэлъэ мэхъу. Щыгур нэхъ дэгъэзеигъуэщ. Дынос...

Гъуэгугъэлъагъуэ Светэ Борислав щIыгъуу япэ докI. СыкъызэщIоувыIыкIри, ди ужь къинахэм сожьэ. Ауэ щыгур къызоджэ, афIэкIа сежьэжыфынукъым. СыдокI.

Си нэгу къыщIоувэ сурэтхэмкIэ слъэгъуа, видеокIэ сызэплъа, си пщIыхьхэм хэмыкIа, «Эльбрус 5642» зытет ухуэныгъэ щимэ цIыкIур. И пащхьэ сотIысхьэ. Схуэмыубыда нэпсхэр къысфIожэх. Гуфlэгъуэмрэ гухэхъуэмрэ зэщIэзыIэтэ си гур кIипкIыным хуэдэщ. Хэт дэзгуэшын мы си гум щыхъэр?! «Ди Тхьэшхуэ, уи къарукIэ, схузэфIэкIащ!» - кIэ зимыIэ, къызэмыдаIуэ нэпсхэр къожэх.

ИхъуреягъкIэ Iуащхьэмахуэ къахолыдыкI, и лъабжьэм щIэтхэм, Кавказ тхы телъыджэм, абы щхьэщэ къыхуищIу къыпщохъу. А бгы папцIэшхуэхэр тафэм хуэдэщ, Iуащхьэмахуэ еплъытмэ. «Европэм, Урысейм щынэхъ лъагэ бгым и щыгум сиувэн схузэфIэкIащ, сэркIэ ар къызэрымыкIуэщ. Иджы си гъащIэмкIэ сыарэзыщ!» - а псор си гум щызэрызохьэ!

Гуп цIыкIур щыгум дыщызэхуос, дэтхэнэри догуфIэ, Iэплъ зэхудощI. Псори щыгум дыдэкIын тхуэзфIэкIащ. А дакъикъэм а цIыхухэр нэхъ уи гъунэгъу дыдэм хуэдэщ, игъащIэми къызэдэхъуа-къызэдэгъуэгурыкIуам дарещхьщ. АтIэ, зэи зэрымыщIа, хэгъэгу зэхуэмыдэхэм къикIа нэрыбгэхэр иджы Iуащхьэмахуэ дызэрипхащ. Псоми ди гум щыдгъэфIа хъуэпсапIэр къыдэхъулIащ!

Абы нэхъыфI сыт щыIэ?! Си гум къыщIитхъыу, сыхуеплъэкIыххэурэ Iуащхьэмахуэ къызогъанэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъокIыж. Гуфlэгъуэ нэпскIэ къыспожьэ си унагъуэр, сабийхэр, къыздалъхуахэр, си ныбжьэгъухэр. Дэтхэнэми си нэгум щIалъагъуэ хуэдэщ Iуащхьэмахуэ нэгъуэщI цIыху сызэрищIар, гъащIэм и лъапIагъэм и мыхьэнэр щыгум къызэресхьэхар...

СыкъызыхуэкIуэжа си бынищым зы жьэу къызжаIэ: «Дрогушхуэ, псом нэхърэ унэхъыфI анэщ!» Сэри си гум щызогъафIэ, нобэ схуэфIэкIам дяпэкIэ си сабийхэр зэрыригушхуэнур. Щапхъэ яхуэхъуну согугъэ уи хъуэпсапIэм ухуэкIуэныр сыт хуэдизу хьэлъэу щымытами, зэбгъэтIылъэкI зэрымыхъунур, абы ухущIэкъун зэрыхуейр».

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Нащхъуэ и хъыбар

Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-м, Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм я Къэрал саугъэтхэм, Шолохов Михаил, Островский Николай сымэ я цIэкIэ щыIэ, ДАХ-м и дунейпсо саугъэтхэм я лауреат Мэшбащ Iэ Исхьэкъ и Iэдакъэ къыщIэкIа романыщIэм теухуауэ зэIущIэ Налшык къалэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и IуэхущIапIэм, щекIуэкIащ.

ТХАКIУЭМ «Голубоглазая» фIэщыгъэм щIэту иджыблагъэ Мейкъуапэ къыщыдигъэкIа романыр теухуащ да Винчи Леонардэ и адыгэ анэу Катеринэ - гъэрыпIэ ихуэу хамэ щIыпIэ къыщыхута бзылъхугъэм.

- Дызэрыщыгъуазэщи, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа а бзылъхугъэм и гъащIэм теухуауэ Италием щыщ тхыдэдж Вечче Карлэ итхащ роман. Сэ сыкъызыхэкIа лъэпкъым сригушхуэу, бзэуэ щыIэм я нэхъыжьыр зэрысIурылъым сригуфIэу сыкъэсащ нобэм. Нарт Iуэрыlуатэмрэ лъэпкъ тхыдэмрэ щаIуэтэж, уэрэдыжьхэр къыщраш адыгэ хьэщIэщым Iэпыдзлъэпыдзу сыщIэту кIуащ си сабиигъуэр. Си адэшхуэм и хьэщIэхэм къаIуэтэж хъыбарыжьхэм сыщIэдэIукIыу, абыхэм яхэлъ хабзэ дахэхэр згъэщIагъуэу балигъыпIэ сиуващ. Нэхъапэм си гугъэт адыгэм и ныбжьыр КъурIэнымрэ Библиемрэ дагъэцIыхуж лъэхъэнэм епхауэ. Ауэ, нэхъыжь сыхъуу, жыжьэу плъэн щIэздза нэужь, къызгурыIуащ апхуэдэ хабзэшхуэ зезыхьэ лъэпкъыр а тхыгъэ лъапIэхэм нэхърэ куэдкIэ зэрынэхъыжьыр. Илъэс мини 6-м щIегъу адыгэм адыгэу зэрызицIыхужрэ. ИкIи апхуэдэ лъэпкъым къыхэкIа, хамэ щIыпIэ къыщыхута бзылъхугъэр лъэрытету къызэрызэтенам, и насыпэ абы зэрыщигъуэтыжам, да Винчи Леонардэ хуэдэ цIыхушхуэ дунейм къызэрытригъэхьам сигъэгушхуащ. Вечче и романым тIэунейрэ седжащ, икIи къыхэгъэщыпхъэщ абы щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIар. Арами, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, гу лъумытэу къанэркъым ди хабзэми, Iуэрыlуатэми, щэнми емыкIу зэритхам, фIыуэ зэрыщымыгъуаззм къыхэкIыу. Арати, сэ си еплъыкIэ къэзмыгъэлъэгъуэн слъэкIакъым, - жиIащ тхакIуэм, романыр итхын хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэм щытепсэлъыхьым.

Мэшбащ Iэм зэрыжиIэмкIэ, тхылъыр итхын папщIэ щIэныгъэ къэхутэныгъи, дэфтэри, Вечче къитIэщIыжахэм щыщи къигъэсэбэпакъым. Сюжетри, абы хэт лIыхъужьхэри (езы Катеринэ къищынэмыщIа), къигупсысауэ аращ.

- Апхуэдэу, сэ Катеринэ «естащ» унэцIэ, адэ-анэ, дэлъху, къызыхэкIа уэркъ лIакъуэжьым и тхыдэ. Сыщыгъуазэщ а бзылъхугъэр гъэрыпIэ зэрихуами, Тыркум ирашу Италием къызэрыщыхутами, и гъащIэр къызэрекIуэкIами, Леонардэ къищынэмыщIауэ бын дапщэ иIами щыхьэт техъуэ, нотариусым и Iэ зыщIэлъ тхылъхэр къызэрагъуэтыжами. Ауэ ахэр къэзгъэсэбэпакъым. Сэ аракъым къэзгъэлъэгъуэну сызыхуеяр. Къалэн нэхъыщхьэу зыхуэзгъэувыжар – Катеринэ адыгагъэу хэлъамрэ ар къыщыхъуа щIыпIэм и дахагъэмрэ щIэджыкIакIуэм и нэгу къыщIэзгъэувэну арати, къызэхъулIамэ си гуапэщ. Романыр щыстхым дэIэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу къысхуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ культуролог, илъэс куэдкIэ Италием щыпсэуа, да Винчи Леонардэ и тхыдэм фIыуэ хэзыщIыкI, Катеринэ теухуауэ дэфтэрхэм къыхэнэжа тхыгъэхэр кууэ зыдж Къурашэ Артур. Абы къызжиIэжа гуэрхэри романым хэзгъэхьащ, къысхуэзыIуэтари къыщызгъэлъэгъуащ, - къыхигъэщащ Мэшбащ Iэм.

ТхакIуэмзицIэ къриIуа Къурашэ Артур щыIащ икIи къыщыпсэлъащ зэIущIэм. Абы зэрыжиIэмкIэ, да Винчи и анэ Катеринэ уэркъ лIакъуэ къыхэкIами, щхьэхуимыту Италием щыпсэуащ илъэс бжыгъэкIэ. Леонардэ дунейм къызэрытехьэрэ илъэс ныкъуэ дэкIауэ абы хуитыныгъэ иратри, лIы иратыжауэ щытащ. Арами, Леонардэ илъэси 10 ирикъуху и анэм ирагъэIри, иужькIэ и адэм иратыжащ. Катеринэ зратыжа лIым быни 5 дигъуэтыжами, и бынхэм ящыщу и гур нэхъ зыхупихыу щытар Леонардэщ, лIа нэужь щIэзылъхьэжари аращ.

- Флоренцием щыIэ дэфтэр хъумапIэм къыщагъуэтыжа щыхьэт тхылъым итщ Катеринэ хуитыныгъэ щрата илъэсри, махуэр, а унафэр къыщащтэм щыхьэту щытахэм я цIэри. А тхылъыр урысыбзэкIи адыгэбзэкIи зэддзэкIыу хэIущIыIу щIынымкIэ зэран къытхуэхъур тхылъыр пасэрей бзэжькIэ зэрытхарщ, абы хуиту къеджэф щIэныгъэлI зэрыгъуэтыгъуейрщ. Арами, бзэм ирилажьэ щIэныгъэлI зыбжанэм Европэми Урысей Федерацэми сащепсэлъауэ а тхыгъэр зэддзэкIыным долэжь. Пэжщ, Катеринэ къызыхэкIа лъэпкъым теухуауэ зэгурымыIуэныгъэ гуэрхэр щыIэщ, ауэ а щыхьэт тхылъыр зэдзэкIауэ, щIэныгъэлIхэм я Iэр щIэлъу утыку къитхьэмэ, Катеринэ зэрыадыгэм шэч къытрахьэжынукъым. «Пщы Екъуб ипхъу адыгэ бзылъхугъэ Катеринэ», - жиIэу итщ абы, - игъэбелджылащ Къурашэм.

Мэшбащ Iэм зэрыжиIэмкIэ, Катеринэ адыгэцIэ иIами е Катеринэр и цIэ дыдэми зыми ищIэркъым.

- А лъэхъэнэм адыгэхэр чыристан диным иту щытащ. Катеринэ цIэр къыщалъхуам фIащауи къыщIэкIынущ. Ар схъуэжакъым. Къурашэм зэрыжиIэмкIэ, Катеринэ чыристан диным итт. Италием а лъэхъэнэм иIащ хабзэ, а диным итхэр щхьэхуимыт пщыну хабзэм имыдэу, диным къимытIасэу. Хуитыныгъэ щIратари арагъэнуц. Дэтхэнэ зыми пIалъэ гуэр тщIэлъщ, ауэ нобэкIэ си гур зэгъащ а тхылъыр дунейм къызэрытехьамкIэ, ар лъэпкъым тыгъэ зэрыхуэсщIамкIэ. 2015 гъэм Франджым сыщыIэу да Винчи Леонардэ и кхъащхьэм сыкIуат. Дуней псом щыцIэрыIуэ сурэтыщI, узэщIакIуэ лъэрызехьэу курыт лIэщIыгъуэхэм къыхэщыжым адыгэлъ щIэту сыткIэ сщIэнт сэ абы щыгъуэ?! Ар къыщахутар иужьыIуэкIэщ. Да Винчи Леонардэ и анэр адыгэу зэрыщытам шэч хэлъыжкъым. Абы щыхьэт техъуэ тхылъым нотариусым и Iэ щIэлъу дэфтэрхэм къыхахыжу хэIущIыIу ящIар. Ауэ мы романыр щыстхым сэ тегъэщIапIэ сщIакъым дэфтэр бжыгъэншэхэр. Сэ абы и гъащIэ хьэлъэм сыхэплъэну сыхэтащ адыгэнэкIэ, адыгэпсэкIэ. Адыгэ хэкум щрихьэкIа илъэсхэмрэ благъэ тхуищIа Италием къыщигъэщIамрэ къыщызогъэлъэгъуэж мы тхылъым. НобэкIэ, Леонардэ адыгэ анэм къызэрилъхуар сощIэри, иджыри зэ и кхъащхьэм сыщхьэщыхьэжыну си гур мэхъуапсэ. Ауэ, дэнэ! Илъэс 94-рэ сохъу сэ, - жиIащ тхакIуэм.

ФЫРЭ Анфисэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Нэхъыжьхэр и щапхъэу

Лъэпкъым и пщIэр къэзылIэт, фIыкIэ зи цIэр зыгъэIуа дэтхэнэ зыри лъэпкъым и набдзэщ. Зэрыжа Iэу, апхуэдэр яIэт, я напщIэми телъщ. Ауэ щыхъукIи, пасэрейм щыгъуэ, Iуэху мыщхьэпэ зылэжьа, зэран гуэр зыщIа цIыхум щхьэкIэ хэтхэ ящыщ, жаIэу щытащ, ар къызыхэкIа лъэпкъыр ягъэпудын, гъэсэныгъэ тэмэм абы хэзымылъхьэфахэм я пщIэр ягъэлъэхъшэн мурадкIэ. Мыдрейуэ, лIыгъэ, хахуагъэ зезыхьар зи къуэм щIэупщIэу щытащ, абы хьэл-щэн дахэ хэзылъхьахэр къыхагъэщхьэхукIын, абы и цIэр фIыкIэ къраIуэн папщIэ.

НОБЭ ЗИ ГУГЪУ фхуэтщIыну Джэданэхэ Залымрэ Алимрэ къэзылъхуахэм я щхьэр лъагэу ирагъэлъагъужащ, жытIэми дыщыуэнукъым. Апхуэдэ бын зиIэм я насыпщ, жыхуаIэм хуэдэхэщ. Нэхъыжьхэм я гугъуехьхэр пщIэншэ ямыщIу, я гъащIэ гъуэгуу къыхаха спортым и лъагапIэм тIури ихьэфащ икIи я зэфIэкIхэр зэрылъагэр щIыпIэ куэдым щагъэлъэгъуащ. ЗэкъуэшитIым УФ-ми, дунейпсо зэхьэзэхуэшхуэхэми мызэ-мытIэу япэ увыпIэхэр къыщахьащ, етIуанэ, ещанэ щыхъуахэри къыхэкIащ.

Зэшхэм я нэхъыжь Залым Урысей Федерацэм самбэмкIэ дунейпсо классымкIэ спортым и мастерщ, УФ-м щIыхь зиIэ и тренерщ. Алимщи, УФ-м дзюдомкIэ спортым щIыхь зиIэ и мастерщ, Пекин щекIуэкIа Олимп джэгухэм хэтащ. КIэщIу жытIэмэ, зэкъуэшитIым медалрэ кубокыу кхъахьахэр къедбжэкIын щIэддзэмэ, ди зэманри кIуэнщи, мы тхыгъэр къыщIедгъэжьа хъыджэбз цIыкIум дежи дынэмысынкIэ хъунщ.

АтIэ, къалэмыр мызыгъуэгукIэ къыщIэтщтамкIэ дгъэззэжынщи, ди гуапэу къыхэдгъэщынщ Джэданэхэ зэкъуэшитIым спортым щыпхраша лъагъуэм пищэу, Алим ипхъу цIыкIу Алинэ иджыблагъэ утыкум къызэрихьар. Абы хуэзфIэкIащ Урысей Федерацэм и еджакIуэхэм дзюдомкIэ я 7-нэ гъэмахуэ спартакиадэу Краснодар крайм и Армавир къалэм тхьэмахуитI ипэкIэ щекIуэкIам япэ увыпIэр къыщихьын. А зэпеуэм хэтащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 79-м я цIыхубз ныбжьыщIэу 320-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 18-м щIимыгъуауэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, килограмм 40 зи хьэлъагъхэм я деж зыкъыщызыгъэлъагъуэ адыгэ пщащэм абы щыгъуэ зэIущIитху иригъэкIуэкIати, кIэух зэпеуэри хэту, плIым щытекIуащ, зэхьэзэхуэхэм хухаха зэманхэр и кIэм нимыгъэсу, и IэзагъкIэ и хьэрхуэрэгъухэм фIыуэ зэрефIэкIыр нэрылъагъуу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Алинэ и япэ лъагапIэшхуэр спортым къыщищтащ - УФ-м и еджакIуэхэм я Спартакиадэм и дыщэ медалыр къихьащ.

ЗэрыжаIэу, Алинэ зэфэну псыр иджыри къэжакъым, и ныбжьыр илъэс 15 хъууэ аращ. Мэзкуу щопсэу, курыт еджапIэм щIэсщ. Алинэ и адэ къуэш икIи и тренер Залым иджыблагъэ къызэрыджиIамкIэ, хъыджэбз цIыкIум и гур дзюдом хуитхьэщIыкIыпащ икIи нэгъуэщI гуэрым зыхуигъэхьэзырыну е Iэщ Iагъэ ищIыну игу къэкIыххэркъым. Абы къалэнышхуэ зыхуигъэувыжащ, зэрыхуэзфIэкIкIэ спортым и лъагапIэ нэхъ ин дыдэхэм нэсыну.

Алинэ и мурадхэм гушыIэ зэрыхэмылъым мыри и щыхьэтщ: илъэситху фIэкIа и ныбжьыр мыхъуауэ художественнэ гимнастикэм иратын мурадкIэ и адэ-анэм ар секцэм щашам, абыхэм къаIущIар дуней псом щыцIэрыIуэ тренер Винер Иринэт. А махуэм абы и деж кърашэлIа сабий минитIым щIигъум цIыхуищ къудейт зыдэлэжьэну къыхихари, а щым Алинэ яхэхуат. Ауэ, адэ-анэм сыт ямыщIами, хъыджэбз цIыкIур гимнастикэм яхуэкIуакъым, дзюдом фIэкIа нэгъуэщI сыхуейкъым жиIэри.

Мис апхуэдэ хъыджэбз щыпкъэ Джэданэхэ къахуохъу, и мурадыр дахэрэ и гуращэхэр нэхуу. ЗыщIэхъуэпсу хъуар Тхьэм къригъэхъулIэ, и текIуэныгъэ куэдми дыщигъэгуфIыкI.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур фокIадэм и 24-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.471 • Заказыр №2024

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А